ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГъЭМ И МэкъУАУЭГъУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КъЫДОКI

№117 (24.087) ● 2020 гъэм фокIадэм (сентябрым) и 26, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификацэ коллегием хагъэхьэну жылагъуэм къыбгъэдэкI кандидатурэхэм ехьэлIа жэрдэмхэр КъБР-м и Iэтащхьэм къыззрыIих пIалъэм къыззрыщIагъум теухуа хъыбарегъащIэ

**КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификацэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьэ щIыкIэм и Iуэхукlэ» 2002 гъэм бадзэуэгъуэм и 19-м №43-РЗ-м щIэту къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым ипкъ иткIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификацэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэ щытыфынущ Урысей Федерацэм и цIыхухэр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм сыт щыгъуи щыпсэуэхэр, зи ныбжьыр ильэс 35-рэ ирикъуахэр, юридическэ щIэныгъэ нэхъыщIхь зиIэхэр, зыгъэпудыну Iуэхуигъуэхэр зымылэжьахэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификацэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэ хагъэхьэнукъым хабзэм зэригъэувам тету щхьэщамыхьажа е ямыпшыныжа тезыр зытелъхэр, зэфIэкIыншэу е зэфIэкI пыухыкIа фIэкIа имыIэу судым кIиныльтахэр, къэрал, муниципальнэ Iэнатlэхэм пэрытхэр, къэрал, муниципальнэ хэулыкIуэхэр зыгъэзэщIэхэр, наркологр е психоневролог диспансерхэм учётым щыщытхэр, адвокатхэр, нотариусхэр, яIэ къызэрэпэщынигъэхабзэ мыхьэнэмрэ мылъкур зыбгъэдэлъымрэ емылъытауэ Iуэхуущлапlэхэм я унафэщIхэр.

Жэрдэм къыхалъхьну хуитыныгъэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм, жылагъуэ зэгухэзнигъэхэм я республикэ Iуэхуущлапlэхэм, щIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ Iэщlагъэлlэхэр къыщIэзыгъэкI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщыIэ еджапlэхэм (къудамэхэм) я щIэныгъэегъэджакIуэ гупхэм.

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 30 пщIондэ абыхэм хуитынигъэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификацэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэхэм я кандидатурэхэр къыщыхалъхьэну мы хэщlапlэм: 360028, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, Ленинымрэ и щIэр зезыхь уэрам, 27, КъБР-м и Правительствэм и Унэ.

Кандидатурэхэр къыщыхалъхьэкIэ щIыщIагъуи хуей документхэр:

кандидатыр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхуущlапlэм и уставыр, къэралым зэрыщытхам щыхьэт техъуэ тхыльым и копиер;

кандидатыр къыщагъэлъэгъуэ зэIущIэм (зэхуэсым) и протоколыр;

кандидатым и паспортым е Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ нэгъуэщI документым и копиер;

кандидатым и анкетэр (анкетэм и теплъэр);

къэзыгъэлъагъуэ органым (Iуэхуущlапlэм) кандидатым кърита характеристикэр;

кандидатыр щылэжьа щIыпlэхэр зратхэ тхыльым и копиер;

кандидатым юридическэ щIэныгъэ ищхьэ зиIэмкIэ документым и копиер;

психоневрологие диспансерым къарита медицинэ справкар;

и кандидатурэр къагъэлъэгъуэну зэрыарэзымкIэ кандидатым и заявленэр (заявленэм и теплъэр);

есым ехьэлIа Iуэхугъуэхэм хэплъэну кандидатым и арэзынигъэ (заявленэм и теплъэр).

Iуэхум ущIэупщIэ хунущ (8662) 40-62-60 телефон номерымкIэ.

● АПК

ХуэдищкIэ щIрагъэгъу

Агропромышленнэ комплексым кьилэжьахэр нэгъуэщI къэралхэм хуегъэшэныжмкIэ дэIепыкIуныгъэм нэгъабэ хухаха мылъкум хуэдищкIэ щыналъэм щыщIрагъэгъуащ.

КъЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм кьыIихьу щIидзащ «Дунейпсо зэдзэлажьэныгъэмрэ экспортымрэ» пъэпкъ проектым хыхьэ «Агропромышленнэ комплексым кьилэжьхэр нэгъуэщI къэралхэм егъэшэн» щIыналъэ программэм ипкъ иткIэ мэкъумэш унэтIыныгъэ зиIэ щIыхэм псы щIагъэхьэн папщIэ субсидиехэр кьеIызыхьну хуейхэм я лъэIу тхыльхэр.

Iуэхуущlапlэм къыззрыщыджаIамкIэ, 2020 гъэм кьриубыдэу мелиорацэм ди щIыпlэм сом мелуан 349-рэ щыпсурэкIуэдэнущ. Ар нэгъабэрейм хуэдищкIэ щIегъу. Къэрал дэIепыкъуныгъэм зэрыхэхъуэм и фIыгъэкIэ псы зыщIагъэльадэ гъавэ щIапlэхэми кьахэхъуэнущ. Министерствэм и мурадщ дыззрыт ильэсым иджыри щы гектар мини 4 апхуэдэхэм хагъэхьэну.

Субсидиехэр (процент 70-м ноблагъэ) ират псоми е я закъуэу кьагъэсэбэп псы зэрыщIагъэльадэ е псыпцIэхэр зэрагъэгъущ гидротехникэ ухуэныгъэхэр кьызэгъэпэщыныбмрэ зыхуей хуэгъэзэныбмрэ. КьищынэмыщIауэ, хьэрычэтыщIэхэм мылъку хухах псы зэрыщIагъэхьэ, зэрытраугъхэ машинэхэр, насосхэр, нэгъуэщI абы ехьэлIа Iэмэпсымэхэр кьращэхун папщIэ.

ЛъэIу тхылъ кьэзытхэм Iуэхугъуэ зыбжанэ ягъэзэщIэну пщэрылъ зыщащIыжын хуейщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм щыщ Iыхьэ щаIэнымрэ я жьыгъэхэр щрагъэкIуэкIынымрэ яхэту.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● Дыгъуасэ

Убэлэрыгъ хъунукъым

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ «Роспотребнадзор»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и унафэщI Пагуэ Жырасльанрэ дыгъуасэ журналистхэм яIущIащ коронавирус узыфэр мы зэманым зэбгрымыгъэхьанымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр хуаIуэтэну, я упщIэхэм жэуап иратыну.

ПАГУЭ Жырасльан къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ коронавирусым пэщIэтынымкIэ КъБР-м и Оперативнэ штабым и зэIущIэ иджыблагъэ зэрекIуэкIар икIи абы къызэрыщыхагъэщар сымаджэхэм я бжыгъэм хуэмурэ зэрыхэхъуэжыр.

- Къэбгъэльагъуэмэ, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэр ди гъусэу хуэдгъэфэщат апхуэдэ щытыкIэм фокIадэм и кIэм дызэрыхуэгъкIуэжынур, арщхьэкIэ къызэрыщIэкIамкIэ, сымаджэхэм я бжыгъэм хэгъэлъапIэ. Коронавирусым зиубгъун щIыщIидзэжа щхьэусыгъуэхэр псом я дежкIи гурыIуэгъуэу кьысщохъу. Псом япэу ар зэпхар щIыналъэм егъэджэныгъэ Iуэхум зэрыщыщагъэжьэжарщ - еджакIуэхэри ахэр езыгъаджэхэри псори зэхэту цIыху мин 200-м щIигъу дэкIыжащ. Шэч хэмылъу, апхуэдизэ цIыху зэхьыхьэм узыфэр зэрызэIэпахынкIэ хъунур зыми и дежкIэ щэхутэкъым. КьищынэмыщIауэ, зыгъэпсэхугъуэ лъэхъэнэр зэфIэкIащи, цIыху куэдым хэтауэ, нэгъуэщI щIыпlэ щIыпхэми кьагъэзэжащ.

Къэпсэльам зэрыжиIамкIэ, я Iуэхуущlапlэм кьыпщытащ нэгъуэщI щIыналъэхэм кьикIыжажэмрэ республикэм и зыбгъэпсэхуплъэхэм щIыпхэмрэ я узыншагъэр. КъыззэрахутамкIэ, Краснодар щIыналъэм кьикIыжажэм ящыщу цIыхуи 10-м коронавирус узыфэр япкърыту кьигъэльэгъуащ, Къырымым щыIауэ - цIыхуи 4-м, Дагьыстэным - 5, Тыркум - 3, США-м - 2. Апхуэдэуи ди щIыналъэм и санаторэхэм щIэса цIыхуи 4 сымаджэу кьащIащ (3-р Москва щыщу, 1-р Оренбург областым).

- Зэрыфщlэжщи, коронавирус узыфэм цIыху куэд зэщIицIалэу щыщIидза япэ махуэхэм Iуэхуущlапlэ куэд зэхуэтщIауэ щытащ. Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэм кьрикIуари нэрылъагъущ - дэ тхуэзфIэкIащ щытыкIэр шинагъуэ дымыгъэхъуну. Жысlэну сызыхуейращи, цIыхухэм абы щыгъуэ дакъыгурыIуащ, ди Iуэхур кьыддаIуташи, ар куэд и уасэщ, - пищащ Пагуэ Жырасльан. - Бадзэуэгъуэм и 23-м Iуэхуущlапlэ куэд лэжьэну хуит тщIыжьын щIэддзащ. Ауэ гуфIэгъуэ зэхьыхьэм, псом хэумыдзу хьэгъуэлIыгъуэхэм, цIыху куэд иджыри щызэроцIалэ, сымаджэхэм хэхъуэ щIалэм ар и зы щхьэусыгъуэщ. Нэхъ и пэкIэ, зэрытщIэжщи, хьэгъуэлIыгъуэхэр зыгъэпсэхугъуэ махуэхэм и закъуэ екIуэкIыу щытауэ аращ, иджы махуэ кьэси зэхохьэ. ЗэрызыкIэлъыплъыжьын, зэрызахъумэжьын Iэмалхэм ящыщу «Роспотребнадзор»-м кьигъэувэхэр нэхъыбэм зэрамыгъэзащIэми щытыкIэр нэхъ хьэпъэ ещI. Апхуэдэ дыдэу дыуэщIэхэри иратыкIуэкI.

Пагуэм жиIащ коронавирус узыфэм ирисымаджэхэм я бжыгъэр тхьэмахуитIым и кIэущкIэ иджыри хэхъуэу гу лъатэмэ, «Роспотребнадзор»-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэмрэ КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэмрэ ягъэхьэзыра Iэмалхэр, коронавирус узыфэм зимыубгъун щхьэкIэ щIыналъэм щагъэуцуэу щыта маргдэхэр, щIэрыщIэу къэщтэжьныр КъБР-м и Оперативнэ штабым и зэIущIэм къэзрыщыхалъхьэнур. Зи хуитныгъэхэр ягъэмащIэнухэм ящыщ шхапIэхэр, Iуэхуущlапlэ инхэр. Апхуэдэуи хьэгъуэлIыгъуэхэр ирагъэкIуэкIыну хуит щыIнукъым (зэрыщIэ ныбжьыщIэхэмрэ я щыхьэтхэмрэ къищынэмыщIа, нэгъуэщI хэтын хуейкъым), дауэдапщэхэм благъэIыхьлы нэхъ гъунэгъу дыдэхэм фIэкIа мыкIуэну кьыхуураджэнущ. Къэпсэльам жиIам дыщIигъуащ а псори щытыкIэм ельытауэ зэрыщытынур, сымаджэхэм я бжыгъэм хэхъуэну зэрыхуагъэфащэр ипэжыпIэкIэ кьыщIэмыкIыну зэрыщыгугъыр.

Пагуэм кьыхигъэщащ узыфэм зиубгъун щыщIидза япэ Iыхьэм мардэхэм ебэкъуахэр кьызэрапщытар икIи абыхэм зэребэкъуам теухуауэ Iуэху 88-рэ судым зэрырагъэхьар. Абыхэм ящыщу 25-м хэгъпIащ, къуэдыкъэ тралъхьащ. Апхуэдэуи судым и унафэкIэ Iуэхуущlапlи 5 зэхуэщIащ: ерысакъы щащэ тыкуэни 2, щыщагъэдахэ Iуэхуущlапlэу 1, хозмагрэ универсамрэ зыриз. Ахэр щIыпlэкIэ Налшык, Бахъсэн, Малкэ, Къещакъэтау щыIэщ.

Пагуэм жиIащ къэрал санитар дохутыр нэхъыщхьэм и унафэкIэ хамэ хэзрал кьикIыжэм махуищым и кIуэцIкIэ коронавирус узыфэм теухуауэ тест ирагъэщIын зэрыхуейр, абы зэрыпхыкIар Къэрал Iуэхутхэбзэкъэр щыхуащIэ Интернет сайтым иралъхьэн зэрыхуейр. Апхуэдэуи а унафэм зэхъуэкIыныгъэхэр иджыблагъэ халъхьащ, тестым кърикIуар къаIэрыхьэжьхункIэ ахэр цIыхухэм яхэмыхьэу я унэм зэрыщIэсыжьын хуейр къыхэщу. Мы зэманым къызэрапщытамкIэ, хамэ хэзрал кьикIыжахэр щIыху 1870-рэ мэхъу, абыхэм ящыщу 1090-м тест ирагъэщIащ, узыфэр яIэкъым. ЦIыху 715-м нэблагъэм иджыри тест ящIакъыми, дэтхэнэми и Iуэхум ехьэлIауэ судым зыхуагъэзэнущ протокол ягъэхьэзырын папщIэ. Абы и лъэныкъуэкIэ кьыздыуэ тралъхьэфынущ датхэнэми сом мин 40-м нэс.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам жиIащ бжьыхьэ-щIымахуэ пIалъэм ирихьэлIэу зэраубзыхуар узыфэ зэрыщIалэхэм зэрыпэщIэтыну Iэмалхэр. А Iуэхугъуэхэр къызэрызэрагъэпэщыну мылъкур федеральнэ бюджетым къыхэхьэну къэкIуащ. Апхуэдэуи КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я унафэкIэ республикэ бюджетым ахъшэ гъэл къыхагъэкIащ, зэрызахъумэж Iэмэпсымэхэмрэ хущхъуэхэмрэ кьэщэхуным, сымаджэщхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэрэпэщынымкIэ ехьэлIауэ.

- Ялъ дыдэу узыфэм дыщыпэщIэувэм пIащIэгъуэкIэ зэдгъэпэщын хуей хуэщ дызыхуэныкъуэ медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ сымаджэщхэр а Iуэхум тегъэпсауэ къызэрызэIутхынымрэ. Ауэ иджыпсту къыхэгъэщыпхъэщ а Iуэхум ди медицинэ Iуэхуущlапlэхэр хьэзыр зэрыхуэхъуар, - жиIащ Къалэбатэм. - Сымаджэхэм я бжыгъэм щыхэхъуэ зэманым ди республикэм сымаджэщу 7 щылэжьащ, зыхуей мардэхэр тещIыхьауэ. Район сымаджэщхэр зыхуэныкъуэ рентген Iэмэпсымэхэр федеральнэ ахъшэкIэ къэтщэхуащ. Къалэн нэхъыщхьэ дыдэу диIар кислородкIэ къызэрэпэща зэрыхъунрати, мы зэманым медицинэ Iуэхуущlапlэу 9-м ар яIащ. Иджыпсту коронавирус узыфэ зиIэу хьахутахэм Iуэхуущlапlитхум щакIэльоплъ. Псоми зэхэту гъэлъыпIэ 982-рэ хъэзыыру диIащ, 600-м щIигъу ИВЛ IэмэпсымэхэмкIэ къызэгъэпэщащ. Апхуэдэуи резерву зы сымаджэщ диIащ. Ар къалэн куэд щагъэзащIэ район зэхуаку сымаджэщырщ, гъэлъыпIэ 90 щIэтщ. Мэкъуауэгъуэ мазэм республикэм и унафэщIхэм унафэ кьащтауэ щытащ унэм щIэсу зызыгъэхъужхэри хущхъуэкIэ къызэрэпэщын зэрыхуейр. Апхуэдэу цIыхухэм дэIепыкъуэгъу ар яхуэхъуащ, сыту жыпIэмэ хущхъуэхэм я уасэр мащIэтэжьыш, ику ину сом мини 7 - 8 хуэдизтекIуадэрти. Мэкъуауэгъуэм къыщыщIэдзауэ а Iуэху сом мелуан 21-м нэблагъэ хухахащ.

Журналистхэр щIэупщIащ коронавирусым къапкъырымыкъэн щхьэкIэ къыдагъэкIа вакцинэр республикэм къызэрыгъэхьамрэ ар цIыхухэм ялъэIэса зэрыхуну щIыкIэмрэ. КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министрым зэрыжиIамкIэ, къэралым и щIыналъэ 15-м кьищынэмыщIа, адрейхэм вакцинэр яIэрыхьащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыху 42-м тещIыхьа дозэ кьыхуагъэхьащ. Нэхъапэ дыдэу вакцинэр зыхаIэ (езым я арэзынигъэ хэлъу щытмэ) медицинэ лэжьакIуэхэмрэ егъэджэныгъэ, социальнэ Iуэхухэм хэтхэмрэщ. Мы зэманым вакцинэ 24-р хаIуащ. Ар зэмызэгъа яIэ махуэхэм зэкIэ кьыхэкIакъым, адэкIи абыхэм я узыншагъэм кIэлъыплъынущ.

Къызэхуэсахэм я гугъу ящIащ фокIадэм къызэIуахьыжа курыт школхэм ящыщу зэхуащIыжьын хуей хъуахэм я Iуэхур зыIутым. Пагуэ Жырасльан къыхигъэщащ зэпэщIэхуэу еджэну карантин ягъэкIуауэ щыта еджапIэ закъуэр, ПсыкIэху дэт школыр, тхьэмахуитI нэжьым лэжьэн зэрыщIидзэжьнур. Абы еджэджакIуищрэ зы ныбжьыщIэрэ къыщахутауэ щытащ коронавирус узыфэр яIэу.

- Мы зэманым Налшык къалэм и зы курыт школым и классищ зэпэщIэхуэу еджэну дутIыпщащ. Къэбгъэльагъуэмэ, егъэджэныгъэ Iэнатlэ псоми зэхэту коронавирус узыфэр зиIэу къыщытпщытахэм я бжыгъэр 42-рэ мэхъу - еджапIэ 20-м я ныбжьыщIэ 32-рэ балигъыу 10-рэ. А классищым къищынэмыщIа, иджыпсту нэгъуэщIхэр карантин щIэдзэкIыэн щхьэусыгъуэ зэкIэ щыIэкъым. Апхуэдэуи, фигу къэзгъэкIыжьынщи, мы гъэм екIуэкIа ЕГЭ-м хэта Iэщlагъэлlхэми я узыншагъэм тхьаIиу дыкIэлъыплъат. Абы щыгъуэм цIыху 45-рэ сымаджэу къэтхутат икIи я къалэнхэр ягъэзэщIэну пэрыдгъэхьауэ щытакъым, узыфэм зрамыгъэубгъун щхьэкIэ. Апхуэдэ Iэмалхэр дгъэкIи къэдгъэсэбэпыну къыщIэкIынщ, - жиIащ Пагуэм.

Къэпсэльаахэр къытеувыIащ коронавирус узыфэ зиIэхэм еIэзэ медицинэ лэжьакIуэхэм я улахуэм дыщIагъу ахъшэр зэрат щыкIэми щытыкIэм адэкIэ зэрызиужьыну хуагъэфащэми.

- ДызэреплъымкIэ, вакцинэр нэхъыбэм яIэрымыхьауэ, коронавирус узыфэм илъэс кьэс къытригъэзэнущ. Нэхъыбэу дыщызыкIэлъыплъыжьэр щIыIэ щыхъу лъэхъэнэхэрщ. Дыщогугъ коронавирусим зиубгъункIэ хъуну зэрыхуэгъэфащэр пэжу къыщIэмыкIыну. Ауэ псоми дыхухъэзэрыпн хуейщ, - дыщIигъащ Пагуэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Школ хъыбархэр

Сабийхэм я узыншагъэм хуосакъ

2020 - 2021 гъэ еджэгъуэщIэр ди къэралым и еджапIэ нэхъыщхьэхэм, курыт школхэм, гъэсапIэхэм зэрыщаублэжрэ мазэм нэсащ. УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, «Роспотребнадзор»-м я унафэщIхэм ипэкIэ зэрыжаIам тету, Iэнатlэм щекIуэкI лэжьыгъэхэм я нэхъыбапIэр махуэрыеджэ мардэм тещIыхьауэ зэфIэх: сабий, ныбжьыщIэ минхэр пщэдджьыкъ къэс щызэхохьэ университетхэм, школхэм, садхэм.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм и дэтхэнэ Iуэхуущlапlэми тKIийуэ щагъэзащIэ «Роспотребнадзор»-м абыхэм кьахуигъэува санитарэпидемиологие мардэ псори. ЕджакIуэхэми адэ-анэхэми зэхэщIыкI лъагэ кьакъуэкIащ: абыхэм кьагуроIуэ лэжьыгъэр кьызэгъэпэщыным мы зэманым щыщIэ апхуэдэ гугъуехьэр, щыщIэныгъэхэр, лъэпощхьэпо зэмылIэужьыгъуэхэр Iэмалыншэу зэрыщытыр.

Апхуэдэу Iуэхур екIуэкIми, коронавирус уз зэрыщIалъэм адэкIэ земыгъэубгъуным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр щыIэпыкъуным ди щIыналъэм и школхэм: нэкIуIупхъуэхэр щыщIэзрахьэ, еджапIэхэм, гъэсапIэхэм екIуалIэхэм я Iэпкълъэпкъым иныгъ хуабагъыр махуэ къэс къапщ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и республикэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 22-м нэс мы махуэхэм хухахащ а Iуэхум. А ахъшэхэмкIэ еджапIэхэм папщIэ кьащэхунущ рециркуляторхэр - жьыр зыгъэкъабзэ Iэмэпсымэхэр. Ахэр Iэкlэ кьепхьэкI хъуну щытщ. Классхэм чэзуэрэ щIагъэувэнущ, дэтхэнэ гупри зэрыхъукIэ узыфэ зэрыщIалэхэм щыхъума хъун папщIэ.

КъБР-м Коронавирусым земыгъэубгъунымкIэ и оперативнэ штабым и лэжьакIуэхэм хъыбар кьызэрыдагъащIэмкIэ, уз зэрыщIалэ лIэужьыгъуэщIэр кьызэуалIэхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ хъуакъым, сымаджэщхэм иджыри цIыху куэд щIэлъщ а узыфэр япкърыту, реанимацэ кьудамэми зыбжанэм щIэлъэ. А псоми кьаIуатэ узыфэ щынагъуэм ущыкIыхьумэфыну профилактикэ Iуэхугъуэхэр дяпэкIи гъэзэщIэн зэрыхуейр. Курыт школхэм я гугъу пщIымэ, зэкIэ зэхуащIащ сабий 149-рэ щеджэ зы курыт школ, еджапIи 5-м щызэхуащIащ класс зыбжанэ, школ 19-м сабийхэр щоджэ, махуэрыеджэ щIыкIэри зэпэIэщIэ Iэмалри зэхэту.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

● Фокlадэм и 28-р Адыгэ фащэм и махуэщ

Дахэщ, зэкIужщ, дуней псор зэхъуапсэщ ди лъэпкъ фащэр!

ЩIДАА-м и лэжьыгъэр щIегъэхуабжьэ

ФокIадэм и 24-м ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и зэIущIэ «Синдика» хьэщIэным щызэхэтащ.

Ар ирагъэкIуэкIащ ЩIДАА-м и вице-президент Хьэфыцl Мухьэмэдрэ вице-президент - щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ.

ЗэIУЩIэМ щытепсэльыхьащ щэкIуэгъуэ мазэм и кум Академием и илъэс зэхуэсышхуэ зэрыраГъэкIуэныгъэ щыкIам. Абы ипкъ иткIэ, ЩIДАА-м и щIэныгъэ центрхэм я отчётхэр кьащтэну, я тхыгъэхэр кьалъытэну унафэ кьахьащ.

ЩхьэусыгъуэкIэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ, 2017 гъэ лъандэрэ ЩIДАА-м зыри зэрыхамыгъэхьам къыхэкIыу, иджы цIыху 15-м я тхылъхэм хэплъэнущ.

ХьэфыцIэ Мухьэмэд, жиIащ, «Черкесика» къыдэкIыгъэм хихьэу, ди лъэпкъым и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр я лъабжьэу тхылъ 25-рэ къыдэкIыным зэрыхуагъэхьэзырар. Адыгэм кIыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм, шэрджэсхэм зэхалIауэ къэхуа, жаIа псори щызэхуэхьэса стIолыщхьэ махуэгъэпс адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ мыгувэу дунейм кьызэрытехьэнур къыхигъэщащ абы. ХьэфыцIэ Мухьэмэд къыхилъхьахэм ящыщщ профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и президенту илъэс куэдкIэ щыта **Нэхущ Iэдэм** и цIэр Зеикъуэ къуажэ и уэрамхэм языхэзым фIэщыныр.

ЩIДАА-м и зэIущIэм лъэпкъ щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, литературэм, щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ зегъэужьыным зи гуащIэ зэзыльхъа адыгэхэм (дэнэ щыIэп щыпсэуми), ЩIэныгъэ Академием и ахъшэ сауГъэт ирату ягъэувыну унафэ кьыхальхьащ.

А Iуэхухэм теухуауэ абы кьыщыпсэльащ академикэу **Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Къалэ Хьэжбарэ, Щомахуэ Лев, Мысроквуэ Замир, Блий Станислав** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Промышленность

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщапщытэнущ цIыхухэм хъыбар зэрырагъащIэ Iэмэпсымэхэм я лэжьакIэр

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 2-м Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщапщытэнущ цIыхухэм хъыбар зэрырагъащIэ Iэмэпсымэхэм я лэжьакIэр.

ЩIЫПIЭ зэманымкIэ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 35-м къыщыщIэдзауэ сыхьэти 10-рэ дакъикъэ 50 пщIондэ пIалъэкIэ зэпагъэунущ псоми кьагъэсэбэп телевиденэ, радио каналхэм я лэжьыгъэр. Абыхэм я нэтынхэм я пIэкIэ «Техникэ къэпщытэныгъэ» макъыр къэIунущ. Урысейм и телерадиосетым и «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм радиотелевизионнэ нэтынхэр къэзыт и центрым» зэрыщыжаIамкIэ, а лэжьыгъэр ирагъэкIуэкI Урысейм кьызэрымыкIуэ щытыкIэхэр кьыщымыгъэхъунымрэ абыхэм я лъэужьхэр гъэкIуэдыжьынымкIэ, мафIэс шинагъуэншагъэр кьыщыщIэзэпэщынымрэ хуэгъэпса правительствэ комиссэм и унафэкIэ.

ДЖАТОКЪУЭ Къантемыр.

● Гу зылъытапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщапщытэнущ цIыхухэм хъыбар зэрырагъащIэ Iэмэпсымэхэм я лэжьакIэр

ЩIэныгъэм и Iэмэпсымэхэм я лэжьакIэр ирагъэкIуэкI Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщIэныгъэ нэхъыщхьэ зиIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щыщIэ еджапIэхэм (къудамэхэм) я щIэныгъэегъэджакIуэ гупхэм.

2020 гъэм жэпуэгъуэм и 30 пщIондэ абыхэм хуитныгъэ яIэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и судыщIэхэм я квалификацэ коллегием жылагъуэм и лIыкIуэхэм я кандидатурэхэр кьыщыхалъхьэну мы хэщlапlэм: 360028, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къала, Ленинымрэ и щIэр зезыхь уэрам, 27, КъБР-м и Правительствэм и Унэ.

Кандидатурэхэр кьыщыхалъхьэкIэ щIыщIагъуи хуей документхэр:

кандидатыр къэзыгъэлъагъуэ Iуэхуущlапlэм и уставыр, къэралым зэрыщытхам щыхьэт техъуэ тхыльым и копиер;

кандидатыр кьыщагъэлъэгъуэ зэIущIэм (зэхуэсым) и протоколыр;

кандидатым и паспортым е Урысей Федерацэм и цIыхуу зэрыщытым щыхьэт техъуэ нэгъуэщI документым и копиер;

кандидатым и анкетэр (анкетэм и теплъэр);

къэзыгъэлъагъуэ органым (Iуэхуущlапlэм) кандидатым кърита характеристикэр;

кандидатыр щылэжьа щIыпlэхэр зратхэ тхыльым и копиер;

кандидатым юридическэ щIэныгъэ ищхьэ зиIэмкIэ документым и копиер;

психоневрологие диспансерым къарита медицинэ справкар;

и кандидатурэр къагъэлъэгъуэну зэрыарэзымкIэ кандидатым и заявленэр (заявленэм и теплъэр);

есым ехьэлIа Iуэхугъуэхэм хэплъэну кандидатым и арэзынигъэ (заявленэм и теплъэр).

Iуэхум ущIэупщIэ хунущ (8662) 40-62-60 телефон номерымкIэ.

КоронавирусыкIэ щIагъэгъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым Промышленностымкlэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министерствэм хъыбар къызэрыдигъэщIамкIэ, мы илъэсым и мазэ 8 блэкIам къыриубыдэу республикэм къыщалэжьар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процент 18-кIэ хэхъуащ.

КОРОНАВИРУС уз зэрыщIалэм и зэран екIа пэтми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленностым хъарзынэу зиужьащ. Ар нэхъыбэу къыхэкIащ лэжьапIэхэм иджырей Iэмэпсымэфlхэр щагъэувурэ фIагъ льагъ зиIэ, адрейхэм япэувыбыну продукцэ къыщIагъэкI зэрыхъуам.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

Республикэм зыщеужь

Фокlадэм и 24-м ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и Президиумым и зэIущIэ «Синдика» хьэщIэным щызэхэтащ.

Ар ирагъэкIуэкIащ ЩIДАА-м и вице-президент Хьэфыцl Мухьэмэдрэ вице-президент - щIэныгъэ секретарь нэхъыщхьэ Щхьэгъэпсо Сэфарбийрэ.

ЗэIУЩIэМ щытепсэльыхьащ щэкIуэгъуэ мазэм и кум Академием и илъэс зэхуэсышхуэ зэрыраГъэкIуэныгъэ щыкIам. Абы ипкъ иткIэ, ЩIДАА-м и щIэныгъэ центрхэм я отчётхэр кьащтэну, я тхыгъэхэр кьалъытэну унафэ кьахьащ.

ЩхьэусыгъуэкIэ зэмылIужьыгъуэхэмкIэ, 2017 гъэ лъандэрэ ЩIДАА-м зыри зэрыхамыгъэхьам къыхэкIыу, иджы цIыху 15-м я тхылъхэм хэплъэнущ.

ХьэфыцIэ Мухьэмэд, жиIащ, «Черкесика» къыдэкIыгъэм хихьэу, ди лъэпкъым и тхыдэр, хабзэр, щэнхабзэр я лъабжьэу тхылъ 25-рэ къыдэкIыным зэрыхуагъэхьэзырар. Адыгэм кIыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм, шэрджэсхэм зэхалIауэ къэхуа, жаIа псори щызэхэхьэса стIолыщхьэ махуэгъэпс адыгэбзэрэ урысыбзэкIэ мыгувэу дунейм кьызэрытехьэнур къыхигъэщащ абы. ХьэфыцIэ Мухьэмэд къыхилъхьахэм ящыщщ профессор, физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, ЩIДАА-м и президенту илъэс куэдкIэ щыта **Нэхущ Iэдэм** и цIэр Зеикъуэ къуажэ и уэрамхэм языхэзым фIэщыныр.

ЩIДАА-м и зэIущIэм лъэпкъ щIэныгъэм, егъэджэныгъэм, литературэм, щэнхабзэмрэ гъэзджэмрэ зегъэужьыным зи гуащIэ зэзыльхъа адыгэхэм (дэнэ щыIэп щыпсэуми), ЩIэныгъэ Академием и ахъшэ сауГъэт ирату ягъэувыну унафэ кьыхальхьащ.

А Iуэхухэм теухуауэ абы кьыщыпсэльащ академикэу **Щхьэгъэпсо Сэфарбий, Къалэ Хьэжбарэ, Щомахуэ Лев, Мысроквуэ Замир, Блий Станислав** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

● Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэ

ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу

Дызэрыщыгъуаэщи, КЪБР-м и Iэтащхьэм 2014 гъэм къыдигъэкIа Унафэм ипкъ иткIэ, фокIадэм и 20-р Адыгэхэм я махуэу ди республикэм щагъэуващ. Абдежым къыщыщIэдзауэ ар ди лъэпкъэгъуэр зэрыс къэрал псоми щагъэлъапIэ.

КЪЭБЭРДЕЙ Адыгэ Хасэм Псыгуэнсу къуажэм щIэ и къудамэм и унафэщI Iэпщацэ Вадим упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.

- Адыгэхэм я махуэр Iэтауэ дгъэлъапIэнкIэ карантиныр кърамыкъэжьэ щIыкIи дигу итлъхьауэ щытащ. Пэжщ, абы хэтыну хуейхэм я бжыгъэр куэдкIэ дгъэмащIэн хуей хъуащ. Къэдгъэлъагъуэмэ, къуажэм дэт курыт еджапIкIи щIэсхэр къетшэлIэн ди гупъэти, уэ къэкIуэкIым ящытхъумэн хьисэпкIэ, ахэри къедгъэблэгъажьакъым. Шы зиIэу ди жьлэм дэс щIалэхэм щIыхуипщI къудей къахэтшри, фокIадэм и 19-м гъэгу дытехьащ. Iэпслъэпсхэмрэ адыгэ фащэ екIуэжмкIэ зыкъзэзыгъэщIэрэщIа гупыр Шэрэдж псыхъэ дыдыхьэри, Аушыджэр къуажэм дыдыэкIуэу псым дызэпрыкIащ. Абдежым, дыщагъэблагъэу, дэ къыщыгIущIащ, гъуси къыщытхуэхъуащ бысымэм ящыщу а Сльон Алим зи пашэ щууейкэр. Шу 20-м щIигъу щызэрыгъэхъуаэр, фащэ зэщыслыдыкIхэр тщыгърэ адыгэ ныпхэри тIыгъыжу, Аушыджэр къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм дрикIуащ. Къуажэкум хуэзэу джабэм дыкIэрыхьэри, шыкIэ дыдэкIащ.

- АбыкIэ щIэвгъэзам и гугъу къытхуэщIыт, Вадим.

- «Аушыджэрыщхь» зи фIэщыгъэу а лъэныкъэмкIэ щыIэ лъагапIэ телъыдджэу тхыдэм къыхэнам дыдэкIын щхьэкIэщ. ЖьпIэнур арамэ, къызэрыттехьэлъэ щымыIэу, а бгым и щыгум дихьащ шуэхри ди гъуса машинэхэри. А щIыпIэр мэкъупIэщи, дэкI гъэгури зэлъыIухащ. Мэзышэ аранэр апхуэдизу щIыпIэ дахэщ, сэтейщи, укъытехуту иужькIэ, ихъуреягъкIэ къыщыIпЬ Iэгъуэблагъэр, Налшык къалэ, Шэрэдж псыхъэм, жьжьэу къыщыт къурушьжьхэри уи Iэгум илъым хуэдэу щыбольагъу. Дызэдихьам, ди хьэщIэхэм «адыгэшым фIэкIа, къемыгугъэкIыу мы лъагапIэм кьынэсин щыщIыэ ди фIэщ хъуркъым» жаIэрт.

- Абдежыр щыщIыхэфхам къытхутепсэлъыхьыт.

- Тхыдэм кьыхэзрыхэщыжьымкIэ, зи гугъу тщIы бгым къедзауэ, а лъэныкъэмкIэ тетащ пасэ лъэхъэнэхэм къащIэныжьауэ чэщанэжь гуэр, ди лъэпкъэгъуэхэм лъапIэу къыщылъытэрэ тхьэрыIуэ папщIэу яIэу.

- Шухэм къыщынэмыщIа, фи гъусахэр хэт сымэ?

- ХьэщIэу къытхуеблагъахэм яхэтащ Европэм щыIэ Адыгэ Хасэхэм я зэгухьэныгъэм (федерацэм) и тхьэмадэ Вэрохъуэ Зэтий, «Къэбэрдей конгресс» зэщIэхъеенныгъэм и унафэщI Бещто Аслъэн, «Эль–Фа» тхылъ тедзапIэм и редактор, литературэ къэбар Iуэхуэ Котляров Виктор, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и Аруан къудамэм и тхьэмадэ Къущхьэтiу Хьэутий, Аушыджэр къуажэм и Iимам Жылокъуэ Мухьэмэдин, а жьлэм дэс нэхъыжьыфIэхэр.

- Фщыгъуаэхэм сытхэр зэхьиварэзха?

- Я хъуэхъуэхм, тхыдэм, хабзэм ехьэлIауэ жаIахэм дэ, нэхъыщIэхэр, тфIэфIу дедэIуащ. Уеблэмэ, Мухьэмэдин и псалъэм, «мыпхуэдэ махуэр сэзыгъэлъэгъуа Алыхьым фIыщIэ ин хузощI!» щыжиIэм, абдежым щытахэм ягуэрэ кьыхэзгъэгъанат. Апхуэдизу и гуапэ хъуат, мо шу екIуэкр, адыгэ фашIэкIэ зэщыкъэпыкIарэ щэн дахи зэрахэлъыр къагъэлъагъуэу, къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм зэрырикIуар, абы иужькIи, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, Iуащхьэм зэрыдзэкIар. Аушыджэрыщхьэ дыкъехыжа иужькIэ, къуажэм и ипщэ лъэныкъэмкIэ дгъэзэри, гъуэгубгъум пэмыжьжьэу кьыIут Андемыркъан и Iуащхьэм дыкIэрыхьащ. Абдежым Бещто Аслъэн Котляров Виктори, нэгъуащIэмэ а щIыпIэм теухуа хъыбархэр зэхьдагъэхащ, адыгэхэм дызэрыгушхуэ хъун ди тхыдэм и гугъу щащIащ.

- ФызрихьэлIэхэм къыфщыгуфIыкIыу зыкъывагъащIэрэт?

- Ауэ сытми! МашинэкIэ блэжхэм къытхуагъэкIийрт, къэувыIаехэм сурэтхэр къыттрахыу апхуэдэт. Мыдрейуэ, ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал зимыIэт щIалэгъуалэр зэхэтагъэха хъыбархэм, я тхьэкIумэхэр тегъэхуэру, зэредIуари, упщIэ гуэрхэмкIэ нэхъыжьхэм зэрызыхуагъэзари. Уеблэмэ, уи тхьэдэм хэпщIыкIыу укъэхъунри, бзэр фIыуэ плъагъун зэрыхуэфи, фащэри, шыгъэ-лыгъэри - ахэр псори зэрызэпхыжар къагурыIуэу зэрыщытыр ядэтлъагъуу пIэрэ мыбыхэм жыуагъэзыIэт.

- Аушыджэр къуажэм и администрацэр дапхуэдэу къыфпкъуэкIа?

- И тхьэмадэ Урыс Аслъэни, «Аушыджэр» ООО-м и унафэщI, хьэрычэтыщIэ Къущхьэ Роберти, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым и лэжьакIуэ Зыгъэзэж Тимури яхуэзфIэкI къамыгъанэу зыкъытщIагъэкъуащ ди зекIуэр екIуэр-ещхьу кьызэрэпэща зэрыхъуным ехьэлIауэ. Псори дыкъыщыувыIэжа щIыпIэм деж (Андемыркъан и Iуащхьэм и гъунэгъуу щыт щIэпсэхупIэм) Iэнэ къыщытхуагъэувыжри дыщыдзэхагъэсыжащ. Дэри, Псыгуэнсу икIахэм, къыздэтщта тыгъэ щIыкIухэр дызигъусахэм яхуэдгъуэшащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Фэеплъ

ТхакIуэ лъэужьыфIэ



Псэужатэмэ, мы махуэхэм и ныбжьыр илъэси 105-рэ ирикъунут Адыгейм и цIыхубэ тхакIуэ Еутых Аскэр.

ЕУТЫХЬIР 1915 гъэм фокIадэм и 25-м Адыгэ Республикэм и Краснодардейскэ щIыналъэм къэхъуащ. 1928 гъэм ар щIэтIысхьащ Адыгей педагогикэ техникумым, иужькIэ Краснодар дэт педагогикэ институтри кьиуващ. 1936 - 1938 гъэхэм Еутыхьр Адыгейм Бзэмкlэ, литературэмрэ тхыдэмкIэ щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым и щIэныгъэ лэжьакIуэу щытащ. 1939 гъэм щегъэжьауэ 1941 гъэм пщIондэ Москва щылажьащ, театр гуэязджэмкIэ къэрал институту Луначарский А.В. и цIэр зезыхьэм щыIэ Адыгэ студием и егъэджакIуэ-чэнджэщакIуэу.

Аскэр Хэку зауэшхуэм хэтащ. Абы къыкхуагъэфащащ Хэку зауэ орденым и II нагъыщэр, медалхэр.

БзитIымкIи - урысыбзэкIи адыгеибзэкIи - зэхуэдэу фIыуэ тхэрт Еутыхьр. Абы и тхыгъэхэр дунейм кьытехьэн щIидзащ 1935 гъэм щегъэжьауэ. Ар 1938 гъэм СССР-м и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм хагъэхьащ. Апэ усэ тхылъыр - «Тимафэхэр» («Наши дни») фIэщыгъэр зиIэр а илъэс дыдэм дунейм кьытехьащ. Абы кьыкIэлыкIуащ и Iуэтэжкэр зэрыт «КIочIэ ин» («Большая сила», 1939) тхылъыр, усэхэмрэ поэмэхэмрэ щыIэзэхуэхьэса «ЩIыIэкIак» («Новая быль», 1940) къыдэкIыгъэр, «Сшынахъыжь» («Мой старший брат», 1941) лирикэ повестыр. Еутыхьым и Iэдакъэщ1экIхэр щIэх-щIэхыурэ кьытехуэрт Москва, Мейкъуапэ, Краснодар кьыщыдэкI журнал щIэрыIуэхэм.

Тхылъ щIэхуэу Москва кьыщыдэкIащ «Улица во всю ее длину» (1965), «Двери открыты настежь» (1973), «ГЛоток родниковой воды» (1977), «Баржа» (1983) романхэр.

ГЪУКIАКЪУЭ Инал.

КъэфакIуэ цIэрыIуэ Мысачэ Валентинэ

РСФСР-мрэ КЪБАССР-мрэ щIыхь зиIэ я артисткэ, актрисэ Iэзэ, къафэм и бзэкIэ ди лъэпкъ хабзэ дахэхэр дуней псом и плIанэпэ куэдым нэзыхьэса «Кабардинка» къэрал академическэ ансамбль цIэрыIуэм яхэту утыкур зыгъэбжьыфIахэм ящыщ. Мысачэ Валентинэ къызэраль хъуэ фокIадэм и 25-м илъэс 75-рэ ирикъуащ.

● ДифI догъэлъапIэ

КЕМЕРОВЭ областым хыхь Прокопьевск къалэм 1945 гъэм фокIадэм и 25-м ар къыщалъхуащ. И унагъуэм и гъусэу 1957 гъэм КъэбэрдейБалъкъэрым къэIэпхъуэжащ. Зэрыбыним адыгэбзэр фIыуэ ящIэртэкъым, я адэр зэрыбалъкъэрым, я анэр зэрыадыгэм къыхэкIыу урысыбзэкIэ зэпсалъэрт. Аущ, республикэм къагъэзэжа нэужь, я анэм сабийхэм анэдэлъхубзэр яригъэлъэжащ. Театрымрэ къафэмрэ зыхилъхьэ щымыIэу зи псэм хэль Валентинэ лъэпкъ къафэхэм зыщыхуигъасэрт Налшык и Пионерхэм я унэм. А зэманым абы и насып къикIащ «Щыщ и къуэ Батыр», «Къанщэбийрэ Гащэгъэгъурэ», «Дахэнагъуэ» спектаклхэм Щорджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театрым щеплъыну. Валентинэ зэрыжиIэмкIэ, лъэпкъ театрыр апхуэдизкIэ я кIуэнIэти, зы спектаклым тIэу щытрагъаззэ къэхъурт, ялэщIыкIэ урысыбзэкIэ зэдзэкIауэ, итIанэ нэхъ гурыIуэгъуэ ящыхъун хуэдэу адыгбзэкIэ. Апхуэдэу адыгэ театрыр бынунагъуэм къахуэщхьэпащ анэдэлъхубзэр ягъэшэрыуэнымкIэ.

Актрисэ Iэщlагъэм щIэхъуэпсми, Валентинэ 1965 гъэм «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым хыхьащ икIи абы и унафэщI Гальперин Григорий кьиутIыпщIажакъым. Илъэс 20-кIэ ар ансамблым хэтащ икIи къэфакIуэ цIэрыIуэ хъуащ.

Мысачэ Валентинэ киногуэзджэми хэлъхьэныгъэ хуищIыну и насып кьиужащ. Ар гуэгунэжу цIыджагуащ 1991 гъэм къыдагъэкIа «Азиат» фильмым.

Мысачэ Валентинэ къикIуа гъэгуанэм щыхущIегъуэжа къэхъуакъым икIи «Кабардинка» ансамблым щигъэкIуа зэманыр абы и гъащIэм и къихьэфIу къеIэлIэту. Гупым щыхьэгъащIэм щапхъэ хуэхъащу зи дахагъэмрэ къэфэкIэмрэ итхьэкъуа, зи утыкIу итыкIэр телъыджэ щыхъуа Шэру Соня. Дуней псор кьызэхэзыкIухьа гуп цIэрыIуэм къафэм щаIа зэфIэкIыр зи фIыщIэу Мысачэм къильытэр къафэ лIэужьыгъуэ куэд зи фIыгъэкIэ гупым къехъулIа и художественнэ унафэщI Ульбашев Мутайц. Мазитхум къриубыдэу абы ягъэхъэзырыр хуэфIэкIат Цыхубэм тельыджэ ящыхьуа ансамблым и ялп концертыр.

Гуэл ЩхьэантIэхэм я Iуфэм кьыщыфэу Соттаев Къанщауэрэ Мысачэ Валентинэрэ сурэт ятрихащ Монин Евгений. Валентинэ и гугъащ ар Вэрохъуэ Владимир и фильмым хагъэхьэну. КьызэрыщIэкIамкIэ, иужькIэ а лэжьыгъэмкIэ ягъэдэхат кIэнфет пхъуантэр.

- Валя, мыпхуэдэу уви, мы фалъэр Къанщауэ хуэший, - жиIат Евгений, - игу кьегъэкIыж Валентинэ. - Иужькlэ ди ныбжьэгъуэхэм жаIащ а сурэтыр зытет кIэнфет пхъуантэ кьызэрыдагъэкIар. Ар гъэщIэгъуэн сщыхъуат, а сурэтыр Лениным и цIэр зезыхьэ проспектым щыслъэгъуа пэтми. КIэнфетыр IэфI дыдэт. НэхъапэкIэ зэтепх хъуну IэфIыкIэ зралъхьэ срихьэлIатэкъым. Ар апхуэдэу гъэзэрыуэйти, куэдрэ къыщыптыримыс щыIэт, сыту жьпIэмэ, убзыхуауэ зы бжыгъэ хэха кьыдагъэкIыу арат, хьэщIэ лъапIэхэм тыгъэ хуащIыну. Дауи, абы тет ди сурэтымкIэ куэдым дыкъащIыхужьыт, ауэ сыщригушуэ къэхъуакъым ттракъым. Ар апхуэдэу гъэзэрыуэйти, куэдрэ къыщыптырым

● Тхьдэ



Анзор Хьэту и сурэтыр художник Шарлемань А.И. ищIащ. *1864 гъэ*

XVI-XIX лIэщIыгъуэхэм «Анзорхэ я Къэбэрдейм» и тхыдэм и бзыпхъэхэр

Анзор Хьэту и къуажэр Тэрчкlэ къиlэпхъукIыу Урыху псым и lуфэм къыззэрытlысрэ илъэси 170-рэ ирокъу

Урысей дэфтэрхэр я лъабжьэу едгъэкIуэжкIа къэхутэныгъэхэм наIуэ къыззращIащи, япэу Анзорхэ теухуа тхыгъэхэм ущрихьэлIэр 1563 гъэрщ, пщы Идар Темрыкъуэ уэлий хъуну мурад ищIауэ, и малъхъэ пащтыхь Грозный Иван къыхуигъэкIуа дзэр и дэlэпыкъуэгъуу, къэбэрдейхэр псори и Iуэмэтым иригъэхьэну зауэшхуэ щIигъэкIуэкIа зэманырщ. Абы и унафэм щIигъэува унагъуэцIэхэм яхэтщ Анзорхи.

1589 ГЪЭМ ящIа архив дэфтэрхэм фIэкIа ухэмыплъэми, ахэр щыхьэт тохъуэ а зэманым Къэбэрдейм и щыналъэ щIыб Iуэхуэхэр зэфIэгъэкIа хъуным Анзор Хьэту-I (Хьэту-I - XIX лIэщIыгъуэм псэуа генерал-майор Анзор Хьэту хэмыгъуэщхьи папщIэ апхуэдэу къздгъэлъэгъуэу аращ - *М. А.*) и фIыгъэ хуэдэ зэрыхэлъам. Апхуэдэу абы и Iуэху зехьэкIрщ Шамхал къэралыгъуэм, Курджым, Курджым, Урысейм хуаIэ зэпыщIэныгъэр зыухуар. Абыкlэ икъукlэ сэбэпышхуэ хъурт Анзорхэ адрей лъэпкъхэм, къэралхэм я Iэтащхьэхэм хуаIэ зэныбжьэгъугъэмрэ благъагъэмрэ. Къэбгъэлъагъуэмэ, Къуымыкъуи и унафощIу Султlан-Мутlи анэр Анзорхэ япхъут; езы Анзор Хьэту-I и пхъуэхэм яэыр кърым хъаным и щхьэгъусэт, адрейр Кахетием и пащтыхь Александр и къуэ Араклин ишат; и къуэшым и пхъур Дагъыстэным я шамхал Чопан и щхьэгъусэт. Урыс дззешэхэм я тхыгъэм куэдрэ къыщагъэльэгъуэжащ Урысейм Къэбэрдеймрэ яку кьыдэхъуэ зэпыщIэныгъэхэм Анзор Хьэту-I и гущIи и фIыгъэ зэрыхэлъыр. Абы и зы щапхъуэ къэтхьынщ 1589 гъэм ятхауэ архивым кьыхэна тхыгъэхэм ящыщ:

«Зиусхьэн Хотов (зи гугъу ищIыр Анзор Хьэту-I - *М. А.*) Къэбэрдей псом пщIэшхуэ щызиIэ лIыщ. Къэбэрдей пщыхэри уэрэкъэри мыбы сыт и лъэныкъуэкIи йодаIуэ икIи пщы уэлийр мыр хэмыту зыми хахьну хуиткъым».

«...Мыбыхэм я деж Хотовыр щыщIэрыIуэщ, ар щымыгъуаззу зыми зыри хуэщIэнукъым, пащтыхьым кьыпхуищIэ къулыкъури инщ».

Пщы щыналъэхэм щхьэкIэ, псалъэм папщIэ, «Идарха я Къэбэрдей», «Къазийхэ я Къэбэрдей», «Щолэхъуэхэ я Къэбэрдей» зэрыжаIэу щытам хуэдэу XVIII лIэщIыгъуэм и кIэ пщIондэ Анзорхэ яIыгъ щыхъуэ къыщагъэльагъуэкIэ куэдрэ урохьэлIэ «Анзорхэ я Къэбэрдей» фIэщыгъэ къагъэсэбэту. XVI лIэщIыгъуэм и кIэхэм Анзорхэ я щыналъэхэм къызэщIаубыдэрт: кьуэкIыплIэкIэ щегъэжьаеу къухьэпIэмкIэ кIуэуэ - Сунжэ псы Iуфэмрэ иджырей Владикавказ къалэм и щIыпIэ щхьэхуэхэм дежрэ адэкIэ зэпыту Арщыщан, Лэскэн, Уруху, Тэрч псыхэм къедэIыпIа щIыхэр, ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ кIыщежьэрэ ипщэкIэ дригъэзэйуэ - Пришиб станицым и хэщапIэхэм къыщыщIидзэу иджырей Осетие Ищхъэрэ - Аланием хиубыдэ Дигор, Уэлджыр, Куртат ауэ дыхьэпIэхэм нэсу.

Урыс-Кавказ зауэр къэхъеи ныжь урысхэм адыгэхэр лъэныкъуэ куэдкIэ дакъуэзу щIадзащ, псом хуэмыдэу щIы Iуэхуэмкlэ леишхуэ къатехьэрт. Щэч хэмыIуэ, абы икъ къащIихуащ Анзорхи. Урысей пащтыхьыгъуэм ингушхэмрэ осетинхэмрэ щIыпIэ захуэ-хэм тригъэтIысхьэныкIэ иригъэкIуэкI политикэм и зэранкIэ Анзорхэ Мэртазэхэ я жьIэм едаIуэри, Куржым Iэпхъуэну хэтащ, ауэ пащтыхьым и блигуащIэтхэмрэ къэбэрдей пщыхэмрэ я дэчыхьныгъэ гуэркэм я фIыгъэкIэ щIыналъэм къинащ. Иужьрейхэри хуейтэкъым езыхэм я Iуэхуэгъэ дэкIыныкIэ къагъэсэбэп, лъэпкъым пщIэ зыхуащI икIи зыхуэныкъуэ лакъуэ-щIэ лъэрыхьэхэр яфIэкIуэдыну. 1816 гъэ пщIондэ Анзорхэ кьеГъэбыдыIа щIыналъэхэм пащтыхьым и дзэхэм пыухыкIауэ зауэшхуэ гуэри щрагъэкIуэкIауэ зы щIыпIэ дежи кьыщыгъэльэгъуакъым. Ауэ я Iумэтым ит, уеблэмэ я IуэпкIэм щыщ цIыху щхьэхуэхэр урысхэр щитIысыкIа Къуэлар, Мэздэгу кIуэхэщ абыхэм я кьыщыкъэщIжыныгъэ къальхъуэу, языныкъуэхэри бгым ихьэжащ. Лъэпкъым и лъэщагъым хэщIырт, и пщIэр ехуэхырт, я щIыналъэр нэхъ мащIэ хъурт, яIыгъ щIыхэмрэ я гъунэгъуу къыщылъхэмрэ быдапIэхэр тращIыхьырт, Куржы-Зауэ гъэгущIэр ихуэхурт. 1804 - 1808 гъэхэм етауэ щыIа емынэ узым абдеж щыпсэуа адыгэхэм я процент 80-р ихьащ.

1816 гъэм генерал Ермоловыр Кавказым къыщагъэкIуам апхуэдэ щытыкIэ хьэлъэм итт Къэбэрдей псор. Абы къыхуэпэжыну щэсапIэ ирегъэхьахэр анэмэту къищтэри, 1822 гъэ пщIондэ Анзорхэ кьеГъэбыдылIа щыналъэхэм зэхэуэ гущIэгъэунэхэр щрагъэкIэжкIах. Ауэ 1822 гъэм и пэщIдзэм Ермоловым и унафэкIэ Кодаревым полковникым урысыдзэ гуп зыбжанэрэ къззакъхэмрэ и гъусэу бгы жьэгъуэхэм нэс зэщIагъэхьащ.

Анзорхэ я къуажэхэм щыщI зы Iыхьэр Тэрч псым и сэмэгурабгъу Iуфэм (Борыкъуей), адрейхэр Урыху, Шэчэр, Лэскэн псым еIысэкIахэщ (Елмырзей, Соззрыкъуей). Осетие Ищхъэрэ - Аланием хыхьэ Дур-Дур къуажэр иджыпсту здэщыс щыпIэм деж Анзорхэ я зы жылэ щыIащ, ар ейуэ щытащ генерал цIэрыIуэ хъуа Анзор Хьэту и адэм. ИщхьэкIэ зи гугъу тщIа Iуэхуэгъуэхэр къэхъуным ипэ къуажэр Дигор ауэым и дыхьэпIэм щысащ, щыналъэр щызэтраку тэм, мы щыпIэм къэзэпхуащ, 1825 гъэм а жылэм Анзор Хьэту и цIэр фIащащ. 1822 - 1825 гъэхэм Тэрч псым и Iуфэм Iуса къуажэхэр Урыху, Шэчэр, Лэскэн псыхэм къетIысэкIыжащ.

Анзор Хьэту и адэм и цIэр нобэр къыздэсым зы щыпIэ дежи къыщыхэщкъым. ГъэщIэгъэныраци, кьулыкъу щищIами, и цIэ-унэцIэр дэнэ деж къыщагъэлъэгъуами, и адэцIэр пыткъым. Ар игъэщIу щытагъэнкIи хъунущ. 1822 гъэм полковник Коцаревым щыналъэр щызэхикъутам, Анзорхэ ящыщу Амфокъуэ, Иналыкъуэ, Соззрыкъуэ сымэ Псыжькlэ щIэпхъуэхэщ икIи къаГъэззэжакъым, Дзхъушокъуэ яуклащ. Хуэбгъэфащэ зэрыхъунумкIэ, абыхэм ящыщ зыр Хьэту и адэрауэ къыщIэкIынущ.

1834 - 1835 гъэхэм Анзор Хьэту и жылэр Тэтэртуп пэгъунэгъуэу, Тэрч Iуфэ IуигъэтIысхьащ, къуажэдэсхэр и гъусэу Куржы-Зауэ гъэгуру яхъумэну зэгурыIуэныгъэ къращIылIэри.

1846 гъэм, ротмистр Анзор Хьэту лейб-гвардием и Бгырыс-Кавказ эскадрон нокъуэм и Iэтащхьэ пащтыхьым и деж къулыкъу щищIэ къэхъэнэм, Кавказым пIалъэ кIэщIкIэ щекIуат имам Щамил. Абы щыгъуэм Урысейм къулыкъу зэрыщищIэм къыхэкIыу Анзор Хьэту и къуажэр зыгурагъэсхьащ. Пщыхэм, уэркъэхэм ящыщ куэд, Анзорхи яхэту, Щамел и лъэныкъуэ хъуэкъ щытащ, ауэ щыналъэр зэрибгъэнэу къыщIэзэжри, Урысейм и телъхьэ хъужащ. Имамым и гъусэу хэкур ябгьнащ уэркъ зыбжанэм, я мэкъумэшыщIэхэри я гъусэу, абыхэм яхэтащ Анзор Хьэту и адэ къуэшым и къуэ Анзор Мыхьэмэтмырзи. ЩIыпIэм унафэр щызэзыгъакIуэхэм Анзорхэ Къэбэрдеймрэ и кум Iэпхъуэн хуейуэ унафэ ящIащ.

Анзорхэ яIыгъа щIыхэр зыхуэдам нэхъ ипэжыпIэр кьигъэльэгъуащ полковник Петрусевич:

«Минарет быдапIэм щыщIэдзауэ Тэрчыпсымкlэ ехыу Дыщэкl и мейрмэ Думэныкъуэ псымрэ нэс, Урыхупсымкlэ Дигор ауэ гъунапкъэм нэс, апхуэдэуи Лэскэн, Шэчэр псыхэм щегъэжьауэ бгы зэхуакуэм нэс щыIэ щIыпIэ Джырандыкъуэ къытепщIыкIыжа Къуэлъэлъкуэхэрэ Анзорхэрэ ейуэ ябж. Джырандыкъуэ дунейм ехьжа нэужь абы и кьуэ Къуэлъэлъкуэ Урыхупсрэ Тэрчыпсрэ я зэхуакъ дэпъ щIыр иубыдащ, щIалэ нэхъыщIэ Анзор Урыхупсрэ Лэскэныпсрэ яку дэпъыр кьылъысащ. Иужькlэ езыхэр нэхъыбэ зэрыхъум, нэхъ лъэщу зэрыщIытым кьыхэжкIыу Къуэлъэлъкуэхэ я щIым щыщи иубыдащ».

1847 гъэм Анзор Мыхьэмэтмырзэ и куэраж якъутэжащ. Абы дэсахэм ящыщ гуэркэр Анзор Хьэту и жылэм Iэпхъуащ, адрейхэр Анзорхэ я къуажэхэм дэтIысхьащ.

Къуажэр гъэIэпхъуэн Iуэхур кьыщыхалъхьэм, полковник цIэр зыхуагъэфэща Анзор Хьэту зыкъригъэутIыпщри, Къэбэрдейм къэкIуэжащ икIи Кавказ линием и центрым и унафэщI, джыназ, генерал-майор Эристовым и гъусэу щыс псори къаплъыхьри, Урыху псым и сэмэгурабгъу лъэныкъуэр кьыхихащ.

Полковникым игъэзэжа нэужь, джыназым Хьэту и къуэш Анзор Кушыку къуажэр игъэIэпхъуэну пщэрылъ щащIар зэригъэззэщIам зыщимыгъэгъуэзэжу, 1849 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м и унафэщIым хуигъэхьа тхыгъэм итщ: «Анзор Хьэту и жылэр Тэрч Iуфэ къиIэпхъукIри, Шэчэрэ Урыхурэ я зэхуакъм дэтIысхьащ...»

Арщхьэкlэ къуажэр а илъэсым Iэпхъуакъым. Абы щыхьэт тохъуэ а лъэхъэнэм Урысейм дзэхэр къызэгъэпэщынымкIэ щыIа Iэнатlэм 1853 гъэм накъыгъэм и 4-м щащIа докладым щыщ Iыхьэ щхьэхуэр, жылэр зэрагъэIэпхъуам и тхыдэр къызэхэщIжыр:

«ЩIыпIэ унафощIым полковник Хьэту Анзор и къуажэр щигъэтIысыж щыналъэ зыбжанэ къыхуигъэльэгъуащ. 1849 гъэм, езыри Кавказым щыIэу ирихьэлIэри, нэхъ тыншыпIэу кьилъытэу Шэчэр, Урыху псыхэм я зэхуаку дэпъ щыпIэм, Анзорхэ Сэлим-Джэрий и жылэр зэдэщысам, кьытеуфыIащ, 1850 гъэм абдеж къуажэр Iэпхъуащ».

АРАЩИ, Анзор Хьэту и жылэр Тэрчкlэ къикIыу Урыху псы Iуфэм къызэрыIутIысхьэрэ 170-рэ хъуащ.

Зи гугъу тщIахэм дыщIыдгъужу къэгъэльэгъуапхъэщ: адыгэ жылэ щIыкIуэхэр зэхагъэхьэжурэ зы къуажэшхуэ къыщагъэхъу зэманым (1865 гъэ) Борыкъуей жылэр (иджыпсту - Арыкъ) Къэбэрдей ЦIыкIум къинащ, 1838 гъэм здитIысыкIауэ щыта щIыпIэм деж; Анзор Хьэту ейм Тырхум Iэпхъуа Анзор Тембот и къуажэм щыщ Iыхьэ къыхагъэхьэжри, Анзор Хьэту и жылэкlэ еджэ хъуащ (иджыпсту - Хьэтуей); Анзорхэ я адрей жылэхэм къагъэхъуащ Анзор Кьейсин и къуажэр (иджыпсту - Анзорей, Лэскэн II). Аращ 1866 гъэм ирихьэлIэу «Анзорхэ я Къэбэрдейм» и тхыдэм кIэух хъуэхуащ.

1920 гъэм къуажэм Старэ Урыху цIэр фIащащ; 1927 гъэм щегъэжьауэ 1957 гъэ пщIондэ я къуажэм къытепщIыкIауэ щыта Къалэжь жылэр Средний Урыхурэ (Осетие Ищхъэрэ - Алание) Старэ Урыхурэ я зэхуакум дэсащ; 2004 гъэм, къуажэдэсхэм я жэрдэмкIэ, Старэ Урыху къуажэм Хьэтуей фIащыжащ, ар зейуэ щыта генерал-майор, пащтыхь Николай I и щхьэхуэмэхэм яхэту кьулыкъу зэрыщIамкIэ цIэрыIуэ хъуауэ щыта Анзор Хьэту и фэеплъ.

2005 гъэм Старэ Урыху къуажэм Хьэтуей зэрыфIащыжам, ар иджыпсту здэщыс щыпIэм къызэрыIэпхъуэрэ илъэси 155-рэ зэрырикъум ещIыпIа гуфIэгъуэ зэIущIэшхуэ зэхэтащ. Иджы къуажэр илъэси 170-рэ хъуауэ а щыпIэм зэрисам теухуа махуэшхуэм зыхуагъэхьэзыркIэрэ администрацэмрэ къуажэдэсхэмрэ зэгъусэу жылэм и теплъэр ирагъэфIэкIуащ. Хьэтуей щыщу нэгъуэщI щыпIэкэр псэупIэ зыхуэхьуахэр я хэку цIыкIум щекIуэлIэжкIэ ялъагъум гур хегъахъуэри, къуажэ администрацэм и унафэщI Дзыхьмыщ Анзори жылэм и зыужьныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьа псоми фIыщIэ хуащI.

Си жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэманым дызэрыт эпидемие щыIэкIэ махуэшхуэр Iэтауэ едгъэкIуэкIыну Iэмал кьыдитхьам, абы кьыхэкIыу «онлайн» жыпхъэм ит (телевиденэр, радиор, газетхэр къагъэсэбэпкIэра) Iуэхуэгъуэ зыбжанэ къызэрагъэпэщынущ. Мы тхыгъэри Хьэтуейм и махуэшхуэм тедухауэу аращи, къуажэ администрацэм и унафэщIми жылэдэсхэми дохъуэхъу адэкIи ефIэкIыну.

МАМХЭГЪ Астемыр.

● Фокlадэм и 27-р Гъэсакlуэм и махуэщ

Фи пщIэм нэхъри хрырехъуэ!

Мы махуэхэм ди къэралым щагъэлъапIэ Гъэсакlуэмрэ школ кlуэгъуэ ныбжьым нэмысахэм ядэлажьэ Iэщlагъэлlхэмрэ я махуэр. Къэрал зыужьныгъэм и дежкIэ михьэнэшхуэ зиIэ а Iэнатlэм и щытыкlэм иджыри зэ гу лъэозыгъатэ махуэшхуэр УФ-м щагъэуващ 2004 гъэм. Ар фокlадэм и 27-м щытрагъэхуам и щхьэусыгъуэр ди тхыдэм къыхощыж. Петербург 1863 гъэм и апхуэдэ махуэм япэ дыдэу зыщIыззэIуахауэ щытащ илъэси 3-8-хэм ит сабийхэм папщIэ гъэсапIэ. Цlыкlуэхэр зэрыщаIыгъым, зэрыщагъэджэгум къыдэкlуэу, абыхэм ирагъащIэрт тхэкlэрэ бжэкlэрэ, дыкъэзыухъуреихь дунейм теухуа пэщIэдзэ щIэныгъэ яратырт.

УРЫСEЙМ и япэ сабий садхэр зыхуэщIар унагъуэ къулейхэм я бынхэрат. Абыхэм я сабийхэр кlуэн папщIэ, адэ-анэм пщIэ щIатырт. 1868 гъэм Петербург къыщIэзIуахащ япэ пщIэншэ гъэсапIэр. Апхуэдэ Iуэху зехьэкlэм нэхъыфIу зыщиужьар ди къэралым Жэпэгъуэ зэхъуэкIныгъэшхуэхэр къыщихъуа нэужь. 1918 гъэм къыщыщIидзэзу гъэсапIэ Iэнатlэхэр хъуащ къэралым иригъэкIуэкI егъэджэныгъэ политикэм и зы Iыхьэшхуэ.

XX лIэщIыгъуэм и 90 гъэхэм ирихьэлIэу ди къэралым а Iэнатlэмкlэ щызэтеуват дуней псом цIэрыIуэ щыхъуа Iуэху зехьэкlэ пэрыт. А лъэхъэнэм екIуэкIа къэхъукъащIэхэм зэхъуэкIныгъэ нэрылъагъуэр халъхьащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ псом. НэгъуэщI хъуащ абы и гущIэри и теплъэри. Мы зэманым гъэсапIэхэм щызэфIах лэжьыгъэр хуэгъэпсащ махуэ къэс зызыхьэж, зызыужь гъащIэм декIуфи, пэщIэдзэ щIэныгъэ, гупсысэ хэха, хьэл-щэн зэтет, я ныжьым ельыта Iуэху еплъыкlэ зиIэ щIэблэ зэчиифIэ къэгъэхъуным.

Ди экономикэр рынок зэхуущыкIыкIэм щыхуэкIуагъащIэм, къэралым и сабий гъэсапIэхэм ящыщ куэд зэхуащIыжаеу щытащ, приватизацэ ящIахэри ящэжахэри щыIащ. Щытыкlэм зэуэ зихъэжащ къэралым и гупэр егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iуэхум хуигъэззэжа нэужь. 2007 гъэм лажьэу щIидзащ УФ-м и Президентым къыхилъхьауэ щыта «Анэ мыльку» программэм. Сабий нэхьыбэ къалъхуам цIыкIуэхэр тезыгъэгушхуэжа а программэм и Iуэныкьуэкlэ нэрылъагъу хъуащ илъэс зытIущ дэкIа нэужь. Сабий садхэр зэпэубыда хъуащ, абыхэм кIэну гукъыдэж зиIэ псоми апхуэдэ Iэмал ямыIэу. Мы зэманым а Iуэхур йофIакIуэ. Абы хуэгъэпсащ «УФ-м и егъэджэныгъэм теухуауэ» къэрал хабзэр. Абы илкъ иткlэ сабий псоми Iэмал ягъуэтын хуейщ гъэсапIэхэм кIуэну, абыхэм пэщIэдзэ щIэныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр ящыщратын папщIэ. «Егъэджэныгъэ», «Демографие», «Псоми ди зэхуэдэ Iэмалхэр», нэгъуэщI проектхэм якъ иткlэ, къэралым хьихьэ субъектхэм федеральнэ бюджетым къыхэкIыу мыльку хуаутIыпщ, сабий садыщIэхэр яухуэн, щыIэхэр зэрагъэпэщыжын папщIэ. Ди республикэм иужьрейуэ щаухуэ апхуэдэ гъэсапIэхэм ящыщщ Тэрч къалэрэ ЩхьэлыкIуэ къуажэмрэ дащIыхь сабий садхэр. Мы илъэсым и кIэухым яутIыпщыну я мурад а IуэхущапIэхэм псори зэкэту щыкIу 280-м щIигъум егъэзыпIэ щагъуэтынущ.

Къэбгъэлъагъуэмэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым мы зэманым щыIащ зи школ кIуэгъуэ нэмысахэм егъэджэныгъэ программэ хэхам тет гъэсапIэ 200-м щIигъу, щIэныгъэ куу зыбгъэдэлъ, гудзакъэ зиIэ гъэсакIуэхэр, егъэджакIуэхэр щылажьэу. Абыхэм я Iэщlагъэм епха махуэшхуэр гъэлъэпIэным хуэгъэпса Iуэхугъуэ хьэлэмэтэхэр мы зэманым щокIуэкI ди щыналъэм. Апхуэдэщ, къапщтэмэ, Налшык дэт прогимназие №41-м (унафощIыр Бэрэгъуэн Марианнэщ) фокlадэм и 24-м къыщыззIуаха «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI» къэралпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэр. Махуэ зыбжанэкlэ абы щекIуэкIынущ ди щыналъэм и гъэсакIуэ нэхъыфIхэм ябгъэдэлъ щIэныгъэр, педагогикэ Iэзагъэр, зэфIэкIхэр зэрыщIэнущ, ящIэнущ Iуэхугъуэхэр. А псоми кIэлъыплъынущ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэм и щэху куэдым фIыуэ щыгъуазэ къэпщытакIуэ гуп хэхар. Жэпэгъуэм и пэщIэдзэхэм хэIуцIыIу ящIынущ «Илъэсым и гъэсакIуэ нэхъыфI» урысейпсо зэпеуэм и республикэ Iыхьэм пашэ щыхьуа Iэщlагъэлlым и щIэр. Ди щыналъэм зэфIэкIри щIэблэр гъэсэным тезыхуха цIыху псэ кьабзэхэм фи Iэщlагъэм епха махуэшхуэмкIэ ди гуапэу дыныбохъуэхъу. Гумрэ псэмрэ кьыбгъэдэкI фи лэжьыгъэр псыхэкIуадэ мыхьуу, фхуэфэщэн пщIэрэ гулъытэрэ жылагъуэм щыгъуэту Тхьэм фигъэпсэу!

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

ЩIэблэ узыншэ къытщIэувэным дыхуолажьэ

● Дэ къытхуатх

Иджырей гъащIэм хуиту хэвэфын цIыху бгъэсэныр Iуэху къызэрыгуэкIыу зэрыщымытыр куэдым къагуроIуэ. Абы гулъытэ хэха зэрыхуащIыр къагъэльагъуэ къэрал унафощIэхэми. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэм ират мыхьэнэшхуэм и щыхьэтщ сабий садхэм щыщIыIэ Iуэхугъуэ къиинкIэ зэфIэхыурэ, гъэсакIуэм и пщIэр жылагъуэм нэхъри къызэрыщаIэтыр.

ЩIЭБЛЭР гъэсэнымрэ абы щIэныгъэ етынымрэ хуэгъэпса ди Iэнатlэм екIуу ущылажьэн папщIэ, псэ ихьэлэу, жэуаплынигъэшхуэ зыхэпщIэу, шы Iэныгъэ ин пхэплъу ущытын зэрыхуейр гурэ псэкIэ зыхэтщIэ зэпытщ «Налмэс» сабий Iуэхущапlэм и лэжьакIуэ псоми. Ди гъэсапIэр зэрахуэхэрэ куэд щIащ (1978 гъэ), Iуэхугъуэ купщIафIэхэмкIэ, гъэщIэгъуэнэхэмкIэ гъэнщIа гъуэгуани къикIуащ. Зэманыр кIуэми, сабийхэм абы щыхуащI гулъытэмэ бгъэдалъхьэ гъэсэныгъэмрэ щIэныгъэмрэ дапщэщи efIакIуэ зэпытщ, иджырей мардэхэм хуэкIуэу, технологие пэрытхэр сыт щыгъуи я Iэдэжу. Лжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэкIэ ди садыр и нэIэм щIэтщ Нарткъалэ дэт курыт школ №6-м (унафощIыр Мысрокъуэ Мариещ). А унафэщI щыпкъэм кьыдеIыгъ ди жэрдэм дахэхэр, гупсысэщIэхэр кьыхелъхьэ.

Сабийхэм я къуэхым зегъэужьыным гулъытэщхуэ хуэтщIу, Iуэхущапlэм хъарзынэу щолажьэ гупжьейхэр. Абыхэм сабийхэр щыхуагъасэ Iуэхугъуэ зэмылIэужьыгъэхэм, къэзыухъуреихь щIыуэпсым, дунейм я зэхэлъыкIэ зыхэлэмэтхэм щыIуагъэз щыхуащI. Садым щекIуэкI маху-хуэшхуэ зэхьыхьэхэм щIэхщIэхыурэ кьыдогъэблагъэ ди щIыпIэм щылажьэ нэгъуэщI гъэсапIэхэм я Iэщlагъэлlхэр, адэ-анэхэр. Апхуэдэ дерс зэIуахэм, гуфIэгъуэ зэхуэсхэм кьыхузздгъэпэщ хабзэ гъэпсэгъуэ щыIэ щыщу нэгъуэщI щыпIэкэр псэупIэ зыхуэхьуахэр я хэку цIыкIум щекIуэлIэжкIэ ялъагъум гур хегъахъуэри, къуажэ администрацэм и унафощI Дзыхьмыщ Анзори жылэм и зыужьныгъэм зи гуащIэ хэзылъхьа псоми фIыщIэ хуащI.

Си жагъуэ зэрыхъунщи, мы зэманым дызэрыт эпидемие щыIэкIэ махуэшхуэр Iэтауэ едгъэкIуэкIыну Iэмал кьыдитхьам, абы кьыхэкIыу «онлайн» жыпхъэм ит (телевиденэр, радиор, газетхэр къагъэсэбэпкIэра) Iуэхугъуэ зыбжанэ къызэрагъэпэщынущ. Мы тхыгъэри Хьэтуейм и махуэшхуэм тедухауэу аращи, къуажэ администрацэм и унафэщIми жылэдэсхэми дохъуэхъу адэкIи ефIэкIыну.

СЕМЭН Iэсият,
«Налмэс» сабий садым и унафощI. Нарткъалэ

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Зыгъэхьэзырар щ.ХЬЭЩЭМЫЩІ Иэщ

● ЖыІэгъуэхэр

Лыгъэр цІыхугъэкІи зэрахьэ

♦Къэрабгъэ и пабжьэ дыгъужь хэщІапІэщ.
♦Кьигъэщ1ам хуеплъэкІыжыр япэкІи маплъэ.
♦Къидыгъуар кьигъуэтауэ къызыщ1ыхъур мащІэкъым.
♦Кьыбгурыіуэр лъагъуэщи, кьыбгурымыіуэр блынщ.
♦Кьыбжаізм уемыдаІуэми, кьыпхужаізм щІэдэІу.
♦Кьыдэмынэжьи щхьэкІэ нащхьэ кьыхуэзыщІам дэкІуащ.
♦Кьызыхэкіа зыщІэж къезыхьэкіа епІыж.
♦Кьыптезылъхьэм и дежкІэ хуэптрилъхьэр хьы-гъуафІэщ.
♦Кьыптекіуэр лъэщщи, зытебгъакіуэр нэхъ лъэщыжщ.
♦Кьыптракіэ псалъэ фІейр кІэрытхъэщІыкІыжы-гъуейщ.
♦Кьыпщ1ыдыхьэшх и гугъэу зыщ1ыдыхьэшхыжи щ1ыІэщ.
♦Кьупщхьэ хуадзыху зэрыхьэр ищІэжакъым.
♦Кхъузанэкіэ псыхьэ кІуэурэ псыхьэуэгуащэ хъуащ.
♦Лажьэм жьы уещІри, лэжьэгъуэм укъегъэщІалэ.
♦Лъапсэжь псэр жьы щ1ыхъуркъым.
♦ЛІыгъэр цІыхугъэкІи зэрахьэ.
♦ЛІыгъэр цІыхугъэм и бынщ.

КІЭРЭФ Хьэсэнбий.

● Япэ итахэр

РСФСР-м и цІыхубэ артисткэ, пшынауэ Іэзэ, макъамэтх, къэфакІуэ, адыгэ лъэпкъ гъуазджэм хэлъхьэныгъэ ин хуэзыщІа Къашыргъэ КІурацэ.

Къэзылъэфри зылъэфыжри...

(Бззэрщауэ и гукъэкІыжхэр)

Псалъэжь гуэрым жиІэр зэрамыхъуэкІыжамэ, Іуэхум и пэр умыщІэу, уэлэхьи, и кІэри умыщІэну...

НтІэ, и пэр мыращ. Къуэзэвкіыхькіэ зэджэ ди къуажэм зы щхьэлыжь дэтт. Дэт щхьэкІэ, ди къуажэ щыщ цІыху абы зэрыщымыхьэжэрэ Іэджэ щІат. Сытыт и щхьэусыгъуэри? Умышхыжьи мэкъумэш пщІарэ, ГъавэІм ухэджэгухьу ухэсмэ, абы и Іуэхур щхьэхуэти, ущ1ыхьэжэрэ ижьІыгъэ хъунут, ауэ пшхын гурацэ уиІэу бгъэтІыпъа гъавэ абы пшэнкІэ Іэмал иІэтхъым: бгъави бгъажьи мыхъужу щ1ыкІуэдынут.

ТІэ-э-э, арати, дэ дыщ1ужарэ Іуэхум хэзымыщ1ыкІ хамэ къуажэхэр щхьэхэжу зэманыфІ дэкІа нэужь, щхьэлыжьым и хъыбар хьэлэмэт, дууэ, къуажэм щоІу. Хьыбарым зэрыжиІэмкІэ, щхьэлыжьым Іиман кІихьыжри, кІыізэрыкІыжауэ мод-дэ, урыс станицэхэм нэс кІикІыурэ щ1ыхьэжэрт, хьэжакІуэхэр очыірэ зэхэмыкІыжу зэхэтхэт.

Ти-и, ар зэхэзыха си ТІатІэшхуэр пхутепІыэнт, кІыслъатІысхьащи, кІуэаракъэ, сегъалІэ:

- Жьылэлым урещхь, мыгъуэ, уэ езыр сытми. Абыхэм хьэжьІэжкІэ затІыжащ. Уэ сыт урищІыс! Мыбдежьм укъызжьэхэмыс кІуэи тІэкІу тхуэхьэжэ!

Уи щхьэгъусэр дэгъуэшхуэмэ икІи ТІатІэшхуэмэ, абы уимыгъэщІэн щ1ыІэ-тІэ. Сэри мы тыкуэн щІакхъуэр къысІэщІэужэгъуати, си шыд сырыхужьыр кхъызщІ1ызощІэ, гуэдз къэпиплІыр изогъэкІуІрие, сытоІысхьэжри: «Но-о-о!» - сокІыу...

Сыздэкіуам, тобэ, тобэ, очыри фэчыри щ1экъым. «Пу-пу-пу» - щэней соубжьытхэ зызогъэзэкІри, бадзи цІыхуи щ1ыдымыркъым. Бззгу къихьыну кІуа ТІасхъэщІэкъым хуэдэу Іэуэлъауэнщэу тэрэзэм зыбгъэдызогъахуэри, сыкъошачэ, сыкъохьэжэ, хьэжьгъэ къэпищым щІигъу къызоощІыкІри: «Но-о-о!» - макІуэ-мэлъей, сыкъэфлъэгъуакъым, фЫслъагъужакъым. СыкъакІэуам, сыкъэущ1ым, сыкъэхьэмкІэурэ, ди пщІанТІэ дыщ1ыхьэдхьэж, уэлэхьи. Сыкъыдохьэжри...

Си ТІатІэшхуэр мэгуфІэ, дуней гуфІэгъуэр иІэщ! Сэри си пащІэ сыщІэгъуфІыкІыурэ, си Іупэхэр схуэзтемыхьэжу къэпхэр къызохи, кІыщ1ам сыщІохьэ. Сэ сыкъэужэ ГъуІэтэкъэ-тІэ. СыкъоогъуІэ, сыкъоогъуІэри, сыпІащІэу сыкъосыж... Сыкъэсыжмэ, си ТІатІэшхуэм и ахъи быхъи щ1ыІэкъым. «Ярэби, дэнэ щ1ыщІэбжьэхуэуаУ пІэрэ мыри, щІакхъуэ игъэжьамэ, ди гъунэгъум зыхуигъэбэлыхьыну ирихьэкІауэ кхъущІэкІынщ...» Ар щІыжьсІэ дыдэм, си ТІатІэшхуэу плъагъум зыкъигъэуцэрэфарэ и нэхэм хьэфэ сырымэр кхъущІицыцыкІыу кхъыхудохьэж.

СыІуплъэмэ, а-а-а, узижагъуэн-сызижагъуэн жьхуаІэм хуэдэщ. Сэ псынщІэу кІэбгъу зыкъызощІри, зызмыгъэІэуэльэуащ1уэрэ пщэфІапІэм зыщ1ызодзэ. Арщхьэкіэ уІэщ1экІынт ТІатІэшхуэ! Си пльдакъэр печ жьсІэу ныскІэпъыщІопкІэ пщэфІапІэм. Зыкъызэкъуех:

- Жьлэм емыщхь уэ, иджы нэгъуащІ1ыхь кІыпфІэкІэжьынт. Уи хьэжьигъэри уэри фы1эущ1ыу. Мэ, къомыгъанэІауэ мыр щ1ыы, - жеІэри, иІыгъ щІакхъуэр къысІэщІегъэ...

Тобэ Іистофрилэхь, жьипІэкІэ уи фІэщ хъункъым, ауэ ерэ фІыірэ схуэзэхэ зэрыхьу льандэрэ уадэ зыгъэдалъэ си ІитІыр зэуэ щІакхъуэм сфІырешэх... Сытми, си ТІатІэшхуэ и унафэкІэ Іэнэм сыпэротІысхьэри, пшхынумэ, къеблагъэ... Зыуигъэшхьн къдейІуэ щ1ысти абы: зэпэощи, зэпэощ, ухуейми, кІэзаракъэ, Іэнэм къешІакІ... Арщхьэкіэ укъикІуэтыж хъунутэкъым. СыкъоІэ-сыноІэ. ЕІи пэт, си жьэр зэщІ1ошхащи, схуэзтехыжыркъым. Си ТІатІэшхуэу пльагъури бжэ блэпкъым егъэщІарэ, и ІэшхуитІыр и бгъэм деж щ1ызэрыдзэжауэ нэкІэ сешхри къысщхьэщ1ытым, уэлэхьи.

Согъэнщ1кІу, согупсыс, согупсыс, согъэнщ1кІу... Ти-и-и, ныбжьэгъу, си Іэфтэритетыр абы дэкъутэри, мы дунеишхуэу пльагъур зэуэ къыстеункІыкІащ: гукъыдзэж си1эжкъым, си щхьэр си лажьэщ. Пажьэшхуэм сыхэзыдза си фЫзми уеІэгъуэ имыІэу щ1ыпІІэ пулемету зыкъыстреунащІэ.

Арати, гуэзвэгъуэм къуимыгъэгупсысын щ1ыІэ, мурад сощІ: «А-а-а, зэрыхьу хъунщ! Сеуэнщ-сеІэнщи, хьэжьигъэр сщэнщ. Сщэнщи, абыкІэ нэгъуэщІ къэсщэхужьнщ, итІанэ сэри си ТІатІэшхуи дытыншыжьнщ...

Аргуэрыжьти, си Сырыхужьыр кхъызщ1ызощІэ, хьэжьигъэ хэпищІыр изолъхьэри, дзапэ уэрэд тІэкІу жьсІэурэ си мурадыр згъафІэу соущэх. Сеущэхыурэ, Бахъсэн бззэрыракъэ Іуэху зэфІэмыкІыр щ1ызэфІэкІыжьыр, абы сыщопсых.

Мы бззэрыр зымыщІыхум псалъэкІэ фэзгъэщІыхунщ жьсІэу ар кІалэн зыщ1ыщІыжьыфІмкъым, ауэ уимигъэбэлэрыгъын щхьэкІэ бжесІэнщи, уи щ1ыІу тасхъэу, уи бохъшэ махэу, уи напэр техыгъафІэу мыбы укъытемыхьэ. Ирачынущ, ирахынущ, трахынущ. Сэ, сыт сщІэн, сытехьати, сахоплъэ. Сахэплъэмэ, щ1ыху щ1ыкІуу тетыр зэрызохьэ, зэрызокъуэ, я фэр зэрытох, ихьуреягъкІэ зэрыхьэзрийщ!

Гузавэ къэсщтащ: «Ярэби, бззэр кІуэрейуэ щ1ымыт сэ дауэ сыкъикІыну пІэрэ нобэ, дауи сыхьуну?

А-а-а, зэрыхьу хъунщ. Сытохьэ, сахоплъэ, зызоплъыхь, сакІэщІодзІухь... Арщхьэкіэ, лІо, зыми пэюм кхъызжаІэрэкъым. «Дауэ сыхъуну, дауэ сщІыну, сыт щ1ыкІэкІэ зыщ1ыІэзгъэкІа хъуну мы къэпищыр?»

Ти-и-и сыкъыізэрокІ:

- БулъкІэ, булъкІэ, булъкІапхъэ!.. Кхьыжьхэзлыдзу хьэжьигъэ! ЗгъэлъапІэрэкъым!.. Зыщ1ахуа щІегъуэжьыркъым! – мис апхуэдэу си тхьэ кхъызэрихькІэ мо бззэр зэрызехьэм сахокІие.

Тобэ, тобэ. Си кІиикІэр ягу ирихьа е нэгъуэщІ сытми, цІыхур моуэ фоужь епщІа бжьэуэ кхъызэрыІуогуэ. Сэри си тхьэ сепльыжьыркъым, тызогъалэри тызогъалэ.

Абдежьм унасыпыфІэмэ, кхудрэ, моуэ-щэ, алыхьталэм кхъухуигъэтІыпъэхэ фІэкІа умыщІэну, асыхьэтым зы фыз фафІэшхуэ, Си ТІатІэшхуэ и плъыфщ жьпІэну, кхьІуокІырахъуэ:

- Сыт, тхьэмадэ, мы уи нэд цІыкІухэм жьпІэр?.. «Нэдым ураукуэ, ЗнІакІэ-пІэшхуэ», - жьзоІэ сигукІи, псалъэкІэ пызощэ:

- ТІурэ тхурэ.

Имыдэу дызодауэ. Зегъэпхъашэ, ауэрэ нэхъ щабэ къохьуж, сегъэдыхьэшх. Апхуэдэ пІынкІапІэ зиІэ куэдрэ уедэуэнт, си гур кьегъэтІатІэри, си ТІатІэшхуэм ещІэ мо льпІэкІапІэшхуэм къэт хъэ сом пщ1ыкІуІ1ыкІэ изощэ.

«Сыкъэбгъэделэ уи гугъэурэ, дэкум хуэдэу укъэзгъэпщІакъэ, дэгъуэжь», - жьсІэурэ, тумэнитхумрэ сомиплІымрэ согъэкІэрахъуэ, зы сомитху схуэзэгъэрэтэкъыми, кхъухьзогъэкІэрэхъуэкІыж, кхъулыкъущІэ шхэкІэу сыкъошхэри, хьэжьигъэщ1ауэ бззэрым сытохьэж. Сахоплъэ, саходзІухь, садогушыІэ. Абдежьм, унасыпыфІэмэ, фІыкІэ, зы лІыжь дамэду цІыкІу, хьэрхьуэ жьакІэ хъужауэ кхьызолъагъу. «Мусулымэныфэ кхьабзэщ1», - жьзоІэри, изоку, зэдауэ кудым дыізэрыкэмыгъэту, тІуртІІрэ щ1ырыщІкІэ къэпищыр кхьІэщІызогъэкІ.

Ущи хэтыжтэкъым иджы си Іуэхум – сохьэмкІэ, уэрэдыжьи ину къызощ1. Сырыхужьырщи, алыхь-алыхь, ахъырзэманщ. Сэращи, си ТІатІэшхуэр нэгум щІэтщ, гукІэ сопсалъэ, зыхузогъэлІ... Ауэрэ-щэ, сыхьэмкІэурэ, ди пщІанТІэ сыдохьэмкІэж. СыдохьэмкІэжри-и-и... ТІатІэшхуэу плъагъур бжэщхьэІум къытетІ и ІэшхуитІыр и шхужьешхуитІым къ1ту, и сыхьэтышхэри Із и жьым ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

- Мэ!..

Ти-и-и, нэхуІэ къыщищІым сыкъызэщ1оу, сыкъотэдж, зыкъызотхэщІ, зыкъызэпызолъэщІыхьыжри-щэ, зызмыгъэІейуэ ди Іэнэ хъурейм сыкъэпотІысхьэ... Си ТІатІэшхуэми, угъурлыфэ хъужауэ, зимыІэжьащэу бахъейр кхъызщ1ыхьащи щІакхъуэ хъуреишхуэ кхъысхуехь... КхъысІэщІегъуэри... «Уэдыдыд мыгъуэ, мыр сыт, мыр дауэ?! АпэсищІкІэ кхъузощэу, сом нькъэкІэ сощэж, фейдэр здэкІуэр сщІэркъым, жьхуиІэм хуэдэу, си хьэжьигъэ дыдэр нэхъ пІапІэу кхъызащэж...»

ЕІ, лІыжь цІыкІу дамэду! Си пІыІэм укъиуэщ, си лъыр къэпІшкщ, си лэпсым укъефэжри, пабжьэм хуэхъэзджащ!..

Мис аращ кхъзылъэфри зылъэфыжри пщІэнукъым, жьхуаІэр!

КУМЫЩ Абдул.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **3**. Зи цІэр жьжьэ Іуа цІыху. **5**. Зи гур иуда, гукъыдэжьнщэ. **8**. Хуэ кхъызыщІаІуКІ къэкІыгъэ. **9**. ЩхьэхынІэ, течыгГыуей. **11**. Пасэрей зауэлІ джанэ. **12**. ... зэрыхьэ бей мэхъу. **13**. Зы щхьэц нальи зытемыт цІыхухъу. **15**. Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ. **17**. Ямыуспу нэхъапэм щхьэкум къранэу щ1ыта щхьэц Іэрамэ. **21**. Сабий ... Е цІыху щхьэзыфІэфІ, гурымыкъ. **22**. Данэ щэкІ пІащІэ. **23**. Аушыджэр кхъыщалъхуа тхакІуэ. **24**. Хьэуар пхуримыкъуу дунейм щ1ихуабэгъуэ зэман. **25**. ЩІы къ1уда. **26**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, ар нэм хуэдэщ. **31**. Сосрыкъуэ къум щІыІэжьым кхъыщІигъэла нартэхэм ящ1ыщ зы. **32**. КІэртІоф, лы е кхъуейлъапІэ дэпІу ящІ шхынЫгуэ. **33**. ЩІыпІэ хуабэхэм кхъраш пхъэщхьэмыщхьэ. **34**. ... зэуар аркъэным щ1ощтэ. **35**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **36**. ... кхъэпщІауэ, ед1жакІуэкІэр школ пщІанТІэм щ1ызэрызохьэ. **37**. Акъылым уасэ иІэкъым, Гъэсэныгъэм ... иІэкъым. **41**. Бригадэхэм я зэпеуэм щ1ытекІуэм ирату щ1ата щ1экІ кІэлэ. **42**. ПІІанэпэ. **44**. ... бгыріпх. Е фэ ГъэтэджА. **45**. Дунейм и щ1ыгу нэхъ лъагэ дыдэр - Эверест - кхъэзыгъэІурыщІа адыгэ бзыльхуэ.



Фокіадэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **6**. Уэчыл. **7**. Къургъакъ. **9**. Гъуджэ. **11**. Хъер. **12**. Бу. **14**. Ры. **15**. Деж. **16**. Пащты. **17**. Іэджэ. **13**. УплІэ. **14**. Вынэ. **20**. ЩІыунэ. **22**. Къуентхъ. **24**. Шэфэл. **25**. Кхъулэ. **26**. ШкІэ. **29**. Псыдыуэ. **30**. Къэрмокъуэ. **34**. Напэ. **35**. Мылъку. **37**. Уэсмэн. **38**. Лэгъупэжь. **40**. Хьэмыщэ. **43**. ПакІэ. **45**. КъуащІэ.

Кьехьу: **1**. Уэзрэдж. **2**. ЩІЫІуб. **3**. ЩэджащІэ. **4**. Куржы. **5**. Къандур. **8**. ПхъэІэпэ. **10**. Бжэндэхъу. **13**. УплІэ. **14**. Вынэ. **20**. ЩІыунэ. **22**. Къуентхъ. **24**. Шэфэл. **25**. Кхъулэ. **26**. ШкІэ. **29**. Псыдыуэ. **30**. Къэрмокъуэ. **34**. Напэ. **35**. Мылъку. **37**. Уэсмэн. **38**. Лэгъупэжь. **40**. Хьэмыщэ. **43**. ПакІэ. **45**. КъуащІэ.

ЗЫ ГъУСЭ иІэу Хъуэжэ бззэрым кІуэри, нартыху къэп къащэхуат. Езыхъэм къэпІр кхъыыжьын щхьэхри, хьэлъэзэхьэу бззэрым дэт гурым гурыІуащ. Зэгъусэу кхъыздакІуэхэм, зэрымыщІэкІэ цІыху Іувым яхэзэрыхьри, нартыху къэпІр зрагъэхь ІыІр яфІэкІуэдащ Хъуэжэрэ абы и гъусэмрэ.

Абы лъандэрэ маХуипщІ дэкІаІэ, Хъуэжэ кІуат аргуэру бззэрым, япэм и гъуса дыдэр щІыгъуу. Абы щ1ызэрахь хъугъуэфІыгъуэхэм хэплъэу кхъыздакІухьым, и гъусэр плъэри, кхъицІыхужащ нартыху къэпІр езыхьэжьажа хьэлъэзэхьэр. Зэуэ кхъугфІэри, ар Хъуэжэ щригъэлъагъум, абы и нэщхьыр зэхиуфэри, щІэпхъуэжащ. И гъусэри кІэлъожэ. ЩІылъэщІыхьэм еупщІащ:

- Уа, Хъуэжэ, езыр къэбубыдыным и пІэкІэ, уэ щхьэ ущІэпхъуэжа?

- Уэ егупсысыт, маХуипщІ хъуауэ си нартыху къэпІр кхъысхуезылъэфэкІым ахъшэ дапщэ естын хуейуэ кхъыстехуа уи гугъэр?! Сэ апхуэдиз сиІэкъым, - жэуап кхъытыжащ Хъуэжэ.

ЖЬІЛАУ Нурбий.

● Гушыіэ

ЩІыхуэ

Тебэкіэ гъэжьа лы Іыхьэхэр, джэдыкІэ вынш телъу

Былымыл лыпІэр грамми 100 хъу Іыкьэурэ, и Іувагъыр см 2-м нэблагъэу яупщІатэ. Шыгъу, шыбжий трауэдэри, тхъу къэпІла зэрыт тебэм иралъхьэри, лъэныкъуитІри тхъуэплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъажэ.

Іэнэм щ1ытрагъэувэнум и деж лы жьар тепщэчым иралъхьэри, абы и щ1ыІум джэдыкІэ вынш тралъхьэ, бжьыныхъ шыпс тракІэж. Яшх пщтыру, пІастэ, мащІамысэ, щІакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): былымылу - г 200, джэдыкІэу – 1, тхъууэ - г 30, шатэу - г 30, бжьыныхъ укъэбзауэ - г 15, шыгъуу, шыбжийуэ, узыхуейм хуэдиз.

Кхъуейжьапхъэ, нартыху хьэжыгъэкІэ щІауэ

Шыіуаным псы щ1ыІэ ирагъэжьых, шатэ халъхьэнум и зэхуэдитІыр ираКІэ, пэшхьэкум трагъэувэри, зэІащІэуэрэ зы дакъикъэ хуэдизкІэ къагъэкъуалъэ. ИтІанэ зэІащІэуэрэ нартыху хьэжьигъэ хакІутэ, зэІащІэуэри дакъикъи 10-12-кІэ къагъэкъуалъэ. Шатэ къэнжар хакІэ, джэдыкІэ кугъуэ уда хэлъун, дакъикъи 8-10-кІэ къагъавэ. Абы халъхьэ тыкъыр щ1ыкІуурэ упщІэта кхъуей цІынэ, шыгъ1ыпс щІыІэ хакІэри, шыіуаныщхьэр ныкъуэтепІэу дакъикъи 10-12-кІэ, тхъу къытридзэку, къагъавэ. Іэнэм пщтыру тепщэчкІэ трагъэувэ. ПІастэ щІыІэ, чыржьи, щІакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ): псы щІыІэу - г 150-рэ, шатэу - г 500, кхъуейуэ - г 60, нартыху хьэжьигъэу - г 25-рэ, джэдыкІэ кугъуэу – 1, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынЫгъуэхэр» тхьылъым къытхьжащ.

● Лъэпкъ шхынЫгъуэхэр

Тебэкіэ гъэжьа лы Іыхьэхэр, джэдыкІэ вынш телъу

Былымыл лыпІэр грамми 100 хъу Іыкьэурэ, и Іувагъыр см 2-м нэблагъэу яупщІатэ. Шыгъу, шыбжий трауэдэри, тхъу къэпІла зэрыт тебэм иралъхьэри, лъэныкъуитІри тхъуэплъ дахэ, хьэзыр хъуху ягъажэ.

Іэнэм щ1ытрагъэувэнум и деж лы жьар тепщэчым иралъхьэри, абы и щ1ыІум джэдыкІэ вынш тралъхьэ, бжьыныхъ шыпс тракІэж. Яшх пщтыру, пІастэ, мащІамысэ, щІакхъуэ и гъусэу.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ): былымылу - г 200, джэдыкІэу – 1, тхъууэ - г 30, шатэу - г 30, бжьыныхъ укъэбзауэ - г 15, шыгъуу, шыбжийуэ, узыхуейм хуэдиз.

Кхъуейжьапхъэ, нартыху хьэжыгъэкІэ щІауэ

Шыіуаным псы щІыІэ ирагъэжьых, шатэ халъхьэнум и зэхуэдитІыр ираКІэ, пэшхьэкум трагъэувэри, зэІащІэуэрэ зы дакъикъэ хуэдизкІэ къагъэкъуалъэ. ИтІанэ зэІащІэуэрэ нартыху хьэжьигъэ хакІутэ, зэІащІэуэри дакъикъи 10-12-кІэ къагъэкъуалъэ. Шатэ къэнжар хакІэ, джэдыкІэ кугъуэ уда хэлъун, дакъикъи 8-10-кІэ къагъавэ. Абы халъхьэ тыкъыр щ1ыкІуурэ упщІэта кхъуей цІынэ, шыгъ1ыпс щІыІэ хакІэри, шыіуаныщхьэр ныкъуэтепІэу дакъикъи 10-12-кІэ, тхъу къытридзэку, къагъавэ. Іэнэм пщтыру тепщэчкІэ трагъэувэ. ПІастэ щІыІэ, чыржьи, щІакхъуэ дашх.

Халъхьэхэр (цІыхуитІ Іыхьэ): псы щІыІэу - г 150-рэ, шатэу - г 500, кхъуейуэ - г 60, нартыху хьэжьигъэу - г 25-рэ, джэдыкІэ кугъуэу – 1, шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхынЫгъуэхэр» тхьылъым къытхьжащ.

● Нэщэнэхэр

Дыгъэм пшэкІухь иІэмэ...

■Вагъуэиж зэралъагъуу, «си мывагъуэу къыщІыкІ» жаІэрт.
■ГъавэщІэр зейр япэ абы хэІэбэмэ нэхъыфІщ, хамэм Іухуэ нэхърэ.
■ДыгъуэгущхьэІум пхъэщхьэмыщхьэ жыг хэпсэну фІыщ.
■Дыгъэм пшэкІухь иІэмэ, лІыщхьэ малІэ е зауэ къохъу жаІэрт.
■Дыгъэм Іэпэ хуэпшиину фІыкъым.
■Шыгъур щІэупсапсэмэ, дунейр къопсэпсауэ жаІэрт.
■Щхьэц налъэ тхъуа кхъхэпчыну фІыкъым.
■Щхьэцышхуэр насып пэлъэныкъэущ жаІэрт.
■Іэгур шхэмэ, ахъшэ кхъхэхъэнущ жаІэрти, фІэрафІэм и натІэм щахуэрт.

● Къуажэхьхэр

Ар уимыІэу зыри пхужьмыІэ

♦БлапцІэ къарэ, къарэ убыд.
♦Ди боушхуэ къаз гуп щІэсщ.
♦Ди джабэ пхъэ Іэплі щІэльщ.
♦Ар уимыІэу зыри пхужьмыІэ.
♦Ди псы къуэкІий уэс досэ.
♦Ди унащхьэ дыщэ баш телъщ.
♦ВагъуитІым яку Іуащхьэ дэтщ.

ЖЭУАПХЭР:

Адыгэн Дзэ Хьэзэр. Дзэгу Щхьэн. Дзэгу. Дзэгу Іэ.

● Псалъэжьхэр

Зэхуэфащэ зэщауэгъущ

●Ар зыхьыхьа псы жэбзэнкъым.
●Бзаджэм и бзаджагъэр япэ къреГъэщ.
●Джатэ ихам хуэдэщ.
●Джэгугъуэм лІыхъужьщ, зэуэгъуэм жьындущ.
●Зи нэгу къабзэм игури къабзэщ.
●Зи щхьэ Іуэху зыхуэмыщІэжьр хамэ Іуэхукіэ ерыщщ.
●УкІытэр и нэгу щІэлъщ, акъылыр и бзэгу телъщ.
●Іэмбатэ зэрымытым Іэтэ ирегъэувэ.
●Закъуэныгъэ нэхърэ Іэл къыбдис.
●Зэкъуэш псори зы ан хъилъхуркъым.
●Зэхуэфащэ зэщауэгъущ.
●Къуэ зимыІэ адэр нысэлъыхъу ежьэркъым.
●НэхъыщІэ нэхъ щІасэщ.
●Нысэ Іейм унафэр унэм ирех.
●Пхъур зэрыбгъасэщ, нысэр зэресащ.
●Сабий зэрымылъым насып ильхъым.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), ЖьлаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къашюкъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ1эныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ1 Иэз.

Езыгъэтхэхэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ иратэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къабэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щ1ихабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; узыншагъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щ1эныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщ1эхэмкІэ - 42-22-88; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суратІэхэм - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епГыкІэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщІэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щ1ыналъэ Іуэхущ1апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгъэ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.009 ● Заказ №2001

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарь **Къашюкъуэ Эллэ**, *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч**, *корректорхэу* **Щхьэщэмыщ1 Иэз** *(4, 5, 6-нэ нап.), Нэужьокъуэ Заирэ (1, 2, 3-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Мэлбахьэ Анжелэ,** *суратхэм елэжьар* **Бицу Жанпщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.